Я къарур здынэсыр ягъэунэху

2-нэ нап.

Къандур Мухьэдин и гупсысэхэм поджэж

3-нэ нап.

ГуфIэгъуэ ущымыщIэну!

4-нэ нап.

Тхыгъэ купщIафIэхэмрэ сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэмрэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№40 (24.946) • 2026 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 2, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Щыналъэ мылъкур зэрагъэзэзахуэ

Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек IущIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и унафэщI КIасэ Динэ.

IЭНАТIЭМ илъэс кIуам зэфIигъэкIахэм, республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам, дызыхуэкIуэ лъэхъэнэм къапэщыт къалэн нэхъыщхьэхэм щытепсэлъыхьащ зэIущIэм.

Бюджетыр зэпэлъытын, ар зыхухаххэм тэмэму ятегуэшэн папщIэ мардэ пыухыкIахэм зэрытетым сэбэпынагъ нэхъыбэ къызэрихьыр къагъэлъэгъуащ иужьрей илъэситхум.

КъыщIагъэкIхэмрэ щащIэ IуэхутхьэбзэхэмрэI я куэдагъым зэрыхэхъуэмкIэ 2025 гъэм къэралым бжьыпэр щызыIыгъ щIыналъэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр. КъимыдэкIэ, Урысейм Финансхэмрэ и министерствэм къызэритамкIэ, щIыхуэхэр пшыныжынымкIэ и зэфIэкIхэри лъагэщ, щIыналъэ мылъкур зэгъэзэхуэнымкIэ зи Iуэху нэхъыфI щIыналъэхэми хабжащ. Лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэнымкIи зи Iуэху зэпэщхэм ящыщщ республикэр.

Республикэ мылъкур зыхуэдэнур щыубзыхуа дэфтэр нэхъыщхьэр зэхалъхьащ Бюджет хабзэм къигъэув псоми тету. Нэсу гъэзэщIа хъуащ цIыхухэр социальнэ и лъэныкъуэкIэ хъумэным, дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ яхуэгъэзахэри яхэту, ехьэлIауэ зыхуагъэувыжа къалэн псори. Бюджет къащтар, нэхъапэхэми хуэдэу, зыужьыныгъэм хуэунэтIащ, абы инфраструктурэ проектышхуэхэри хэтщ.

ДызыхуэкIуэ лъэхъэнэм IэнатIэм къыпэщытщ мылъкур къызэрагъэсэбэпым, ар здэмыкIуапхъэ мыкIуэным хуэунэтIауэ къэпщытэныгъэ, зэпэлъытыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкI Iэмалхэр егъэфIэкIуэным пыщIа къалэнхэр.

ПэхуэщIэхэр зэгъусэу ягъэзащIэ

Афганистаным, дзэ Iуэху хэхам (СВО) я ветеранхэм я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и пашэ, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и лIыкIуэ депутату КъБР-м и Парламентым хэт Тхьэгъэлэдж Тимур КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ.

КЪУЛЫКЪУЩIЭХЭР тепсэлъыхьащ зи цIэ къитIуа жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм щекIуэкI лэжьыгъэхэм, ар ветеранхэм зэрадэIэпыкъум, унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуэгъэпса пэхуэщIэхэр зэгъусэу зэрагъэзащIэм.

ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, ди лъахэгъу зауэлI ветеранхэм Афганистаным щIыхь пылъу щагъэзэщIащ къэралым пщэрылъ къахуищIауэ щыта къалэнхэр. Нобэ абыхэм я зэфIэкIхэр ирахьэлIэ ди Хэкум и ехъулIэныгъэм, абы пэжу къулыкъу хуащIэу. Тхьэгъэлэдж Тимур зи пашэ щIыналъэ зэгухьэныгъэм хэтхэм лэжьыгъэшхуэ драгъэкIуэкI щIалэгъуалэм, езыхэм я гъащIэ мардэр абыхэм щапхъэу хуагъэлъагъуэу, хэкупсэу ущытыным, еплъыкIэ, гупсысэ тэрэз уиIэным къикIыр зи щIалэгъуэхэм къыгурагъаIуэу.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ ин хуищIащ Тхьэгъэлэдж Тимури зэгухьэныгъэм хэт ветеран псоми, къагъэлъэгъуа лIыгъэм, яхэлъ зэпIэзэрытыныгъэм папщIэ, щIыналъэм щыщыIэ щытыкIэр гъэбыдэным хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуащIыр къыхигъэщу, апхуэдэуи жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэм зэрызрагъэужьыр игъэбелджылыуэ.

ЛъабжьэфI зиIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ КИФЩI-м и еджапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ Кавказ Ищхъэрэ къэрал университетымрэ илъэс куэд хъуауэ зэрызэдэлажьэ щIыкIэм зегъэубгъуным теухуа Iуэхухэм щытепсэлъыхьащ КIуэкIуэ Казбекрэ а вузым и ректор, профессор Шыбзыхъуэ Татьянэрэ я зэIущIэм.

«МЫ зэманым университетым щоджэ ди щIыпIэм икIа щIалэгъуалэ 550-рэ, иужьрей илъэситхум абы IэщIагъэ щызрагъэгъуэтащ ди деж икIа 900 хуэдизым. ЩIэупщIэ зиIэ унэтIыныгъэхэу адэкIи дызэрызэдэлэжьэнухэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и IэнатIэ нэхъыщхьэхэр лэжьакIуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным пыщIар, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

ИкъукIэ мыхьэнэшхуэ зиIэу щытщ щIэблэм «курыт еджапIэ – колледж – вуз – IуэхущIапIэ» щапхъэм тету ядэлэжьэным, Кавказ Ищхъэрэ къэрал университетым и щIэныгъэлIхэм мэкъумэш технологиещIэхэм тету ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къарикIуахэр я лъабжьэу мэкъумэш IэнатIэм, жыг хадэ гъэкIыным къыщцыув зи чэзу къалэнхэр зэфIэхыным.

Егъэджэныгъэм хуэгъэпса программэхэм къагъэув псори игъэзэщIэн папщIэ еджапIэ нэхъыщхьэм материально-техникэ, щIэныгъэ-егъэджэныгъэ я лъэныкъуэкIэ лъабжьэфI иIэщ.

Шыбзыхъуэ Татьянэ сехъуэхъуащ ар Кавказ Ищхъэрэ къэрал университетым и унафэщIу иджыблагъэ зэрагъэувамкIэ. Си гуапэщ и лэжьыгъэм ехъулIэныгъэхэр къыщихьыну.

Шэч къытесхьэркъым лъэныкъуитIми ди фейдэ хэлъу дызэгъусэу дгъэзэщIэну проектхэр ди республикэм къызэрыхуэщхьэпэнум».

Сыт щыгъуи я нэIэ трагъэт

КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советым и япэ зэIущIэр гъэтхэпэм и 31-м иригъэкIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ республикэм узыфэ нэхъ хьэлъэхэр зэрыщагъэхъужымрэ ахэр гъэмэщIэным теухуауэ ящIэмрэ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, абы и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, депутатхэр, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэр.

Егоровэ Татьянэ советым хэтхэм яхутепсэлъыхьащ гъатхэ лэжьэгъуэм я нэIэ зытетыну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм. Абы жиIащ республикэм и зыужьыныгъэм, хьэрычэт Iуэхум, IT технологиехэр егъэфIэкIуэным, нэхъыщхьэращи, цIыхухэм я псэукIэр нэхъыфI щIыным, бынунагъуэшхуэхэм я пщIэр къэIэтынымрэ защIэгъэкъуэнымрэ, улахуэм хэгъэхъуэным, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэмрэ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ядэIэпыкъуным епхауэ хабзэубзыху IуэхущIапIэр адэкIи зэрылэжьынур.

- Сыт щыгъуи ди нэIэ зытетхэм ящыщщ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я Iыхьлыхэмрэ защIэгъэкъуэныр. Ди щIэблэм щIэныгъэ куу яIэу узыншэу, хэкупсэу къэхъун папщIэ, гулъытэ хэха худощI егъэджэныгъэмрэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэмрэ зегъэужьынми. Иджыпсту УФ-м и Къэрал Думэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэ жэрдэмиплIым щыхоплъэ. ЦIыхухэр къеэшэкIыныр къызэгъэпэщыным теухуа Федеральнэ Законым халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм ехьэлIа законопроектыр комитетым япэ еджэгъуэу къищтэну чэнджэщ яритащ. Гъатхэ лэжьэгъуэм мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэр къытпэщылъщ - 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрагъэувамрэ Урысей парламентаризмэр илъэси 120-рэ зэрырикъумрэ къыхэкIыу, гулъытэ хэха хуэтщIынущ лъэпкъ, дин зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным, щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным», - къыхигъэщащ Егоровэм.

АдэкIэ дыщIигъуащ нэгъуэщI щIыналъэхэм я хабзэубзыху IуэхущIапIэхэм я гъусэу зэхыхьэхэр къызэрызэрагъэпэщынури. «Жылагъуэ советыр хэплъэну мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху нобэ къиIэтащ. Ар цIыхухэм я узыншагъэр хъумэнымкIэ япэ игъэщыпхъэхэм ящыщщ. Мы зэманым республикэм социальнэ мыхьэнэ зиIэ узыфэхэр гъэхъужынымрэ абыхэм защыхъумэнымрэ теухуауэ лэжьыгъэшхуэ щокIуэкIри, щытыкIэр зэпIэзэрыт щIыныр, гугъуехьхэр гъэмэщIэныр зэгъэхъулIэнырщ нэхъыщхьэр, - пищащ Егоровэм. - Ауэ зыIэрыдгъэхьа ехъулIэныгъэхэр щхьэусыгъуэ хуэхъун хуейкъым мы Iуэхум хуэтщI гулъытэр къэтIэсхъэным, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зи гугъу тщIы узыфэхэм зэрызаубгъум къытхуегъэув хэкIыпIэхэм ди гуащIэр хуэдунэтIыну. Псом хуэмыдэу цIыхухэм къагурыдгъэIуэн хуейщ я гъащIэр узыншэу ирахьэкIын папщIэ, я узыр хамыгъэтIасэу дохутырым деж кIуэным мыхьэнэшхуэ зэраIэр».

Егоровэм къыхигъэщащ, хабзэубзыху IуэхущIапIэм зэрихабзэу, Жылагъуэ советми и зэIущIэхэр гугъуехь здэщыIэ щIыпIэхэм зэрыщригъэкIуэкIыр, абыхэм ятеухуауэ я Iуэху еплъыкIэхэр депутатхэм къызэрырахьэлIэми мыхьэнэшхуэ иIэу къызэрилъытэр.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и еплъыкIэхэр диIыгъыу, Жылагъуэ советым и УнафэщI **Бечелов Ильяс** жиIащ социальнэ мыхьэнэ зиIэ узыфэхэр иджырей узыншагъэр хъумэным пыщIа гугъуехь нэхъ инхэм, цIыхухэм я узыншагъэм дежкIэ нэхъ шынагъуэхэм зэращыщыр, абы къыхэкIыуи ахэр къэмыгъэхъуным, гъэхъужыным къэралым гулъытэ хэха зэрыхуищIыр.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ **Хьэщхъуэжь Борис** тепсэлъыхьащ жьэн, ВИЧ, гепатит С-мрэ В-мрэ, диабет, акъылыр зэIызыгъэхьэ, лъы дэуейр зи щхьэусыгъуэ узыфэхэр зиIэхэм зэрадэIэпыкъу щIыкIэм. Абы къыхигъэщащ жьэн узыфэм зиубгъунымкIэ шынагъуэ здэщыIэ щIыналъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэращыщыр. «2025 гъэм жьэн узыфэр яIэу цIыхуи 189-рэ республикэм щатхащ. ЛIэныгъэм и бжыгъэр процент 1,1-рэ мэхъу, 2024 гъэм процентти 2,1-уэ щытащ. Абы къегъэлъагъуэ узыфэм илIыкIхэр процент 50-кIэ нэхъ мащIэ зэрыхъуар. Жьэн узыфэм щеIэзэ сымаджэщым мы зэманым хирургие IэнатIэм жыджэру зыщрагъэужь. Диабетым пэщIэтыным теухуауэ щIыналъэ проектыр и лъабжьэу дэIэпыкъуныгъэр къызыдогъэпэщ», - жиIащ Хьэщхъуэжьым. Ар къытеувыIащ медицинэ IуэхущIапIэхэр зыхуей хуэгъэзэн, зэгъэпэщыжын зэрыхуейми.

Хьэщхъуэжьым къыхигъэщащ Налшык онкологие диспансерыр щаухуэмэ, ар куэдкIэ сэбэп зэрыхъунур узыфэр пасэу къэхутэнымкIи дэIэпыкъуэгъу зэрахухъуфыну Iэмалыщ Iэхэмки. Мы зэманым республикэм и районы 8-м онкологиемкIэ пэшхэр щолажьэ.

2025 гъэм КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм онкологие, диабет, жьэн узыфэ, акъылыр зэIызыгъэхьэ, ВИЧ узыфэхэр зиIэхэм псоми зэхэту зыщIагъэкъуащ сом мелуан 736,5-рэ и уасэ хущхъуэкIэ.

Республикэр зыхущыщIэ IэщIагъэлIхэм я гугъу щищIым, къэпсэлъам къыхигъэщащ психотерапевтхэмрэ дохутыр-фтизиатрхэмрэ зэрымащIэр. Гугъуехьыр къызэранэкIын мурадкIэ, нэхъ зыхущыщIэ къудамэхэм тегъэщIауэ IэщIагъэлIхэр еджакIуэ ягъакIуэ. Апхуэдэу, нэгъабэ программэ хэхакIэ ординатурэр IэщIагъэлI 84-м къаухащ, абы щыщу 58-р IэнатIэ ягъэуващ. Апхуэдэхэм яхэтщ онкологу 5, психиатру 2, кардиологыу 1.

ЗэIущIэм псори зэдэарэзыуэ Жылагъуэ советым щыхагъэхьащ Уэлджыр Жыраслъэнрэ (экономикэ IуэхухэмкIэ комиссэм) Зеленская Юлиерэ (социальнэ IуэхухэмкIэ комиссэм). Апхуэдэуи ягъэбелджылащ Советыр 2026 гъэм зэлэжьыну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Къулыкъу лъагэ къыхуагъэфащэ

Емуз Эвелинэ Урысей Федерацэм и посольствэу Тырку Республикэм щыIэм и чэнджэщэгъуу ягъэуващ. Абы ипэкIэ, ар посольствэм и япэ секретарь къулыкъум пэрытащ.

ДИПЛОМАТ, щIэныгъэлI Емуз Эвелинэ дипломатие Iуэхумрэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ лэжьыгъэмрэ къохъулIэ, политикэ щIэныгъэхэмкIэ докторщ, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидатщ.

И IэщIагъэр къыщыхихым, Эвелинэ и адэшхуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэмрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Емуз Анатолэ Гъузер и къуэм и гъуэгуанэм пищауэ жыпIэ хъунущ. Анатолэ «КъБР-м и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр къыхуагъэфэщащ, дипломатие къалэн иIэу дунейм и къэрал куэдым щыIащ.

Эвелинэ Налшык къыщалъхуащ, дыщэ медалкIэ курыт еджапIэ №4-р, диплом плъыжькIэ - КъБКЪУ-м инджылызыбзэмкIэ и къудамэр къиухащ, и щIэныгъэм юридическэ факультетым щыпищащ. Филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат цIэр къыфIащыным теухуа и диссертацэр ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ, ар пэрытащ егъэджакIуэ лэжьыгъэми.

2009 гъэм зэпеуэкIэ Урысейм и МИД-м къащтэри, абы и къудамэу Минеральные Воды къалэм щыIэм и ещанэ секретарь къулыкъум ягъэуващ. 2010 гъэм «Атташе» дипломатие рангыр къыхуагъэфэщащ.

2014 - 2015 гъэхэм УФ-м и посольствэу Къэзахъстаным щыIэм и ещанэ секретару щытащ.

Эвелинэ илъэсищкIэ Пятигорск къэрал институтым и докторанту щытащ. 2020 гъэм и доктор лэжьыгъэр, дунейпсо зэхущытыкIэхэмрэ щIыналъэ зыужьыныгъэмрэ я политикэ гугъуехьхэм теухуар, пхигъэкIащ. 2021 гъэм и дыгъэгъазэм Урысейм и посольствэу Украинэм щыIэм ягъэкIуащ. Дзэ Iуэху хэхам щIидза нэужь, Урысейм и МИД-м и аппарат нэхъыщхьэм ираджэжащ.

2024 гъэм и бадзэуэгъуэм абы къыхуагъэфэщащ и зи чэзу дипломатие пщIэр - япэ класс зиIэ етIуанэ секретарым ейр.

Эвелинэ и иужьрей ехъулIэныгъэри щыхьэт тохъуэ и егъэджакIуэ нэхъыщхьэу къилъытэ и адэшхуэм и лъэужьым зэрытетым. Абы теухуауэ и интервьюм бзылъхугъэм къыщыхигъэщащ: «Си адэшхуэм и пщIэр сэркIэ гъунапкъэншэщ. Ар си гъэсакIуэщ икIи си ныбжьэгъущ. СызэрыцIыкIу лъандэрэ сщIэрт и лъэужьым сызэрырикIуэнур. Абы и лэжьыгъэ гъуэгуанэр апхуэдизкIэ къулейти, гъэщIэгъуэн куэд къызжиIэжырт. Ар Индием щыIэ Совет щэнхабзэ центрым и унафэщIу, КъБР-м хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министру, Урысейм и Посольствэу Мысырымрэ Белоруссиемрэ щыIэм и чэнджэщэгъуу щытащ, КъБР-м и лIыкIуэу Урысейм и Президентым деж щыIащ. Абы и IэнатIэ, къулыкъу псори къеббжэкIыжыну гугъущ. ГурыIуэгъуэу къысщохъу апхуэдэ щапхъэ сиIэу нэгъуэщI гъуэгу къыхэсхыну Iэмал сызэримыIар. Дадэ сызэрыцIыкIурэ инджылызыбзэмкIэ къыздэлэжьащ, дипломатием и лъабжьэр сигъэщIащ, мурадхэр зэгъэхъулIэным зэрыхущIэкъупхъэр къысхилъхьащ».

Эвелинэ и IэщIагъэр зыхуэунэтIар дипломатие зэхущытыкIэфIхэмрэ мамыр зэгурыIуэныгъэхэмрэ зэтегъэувэным хуэлэжьэнырщ. Иджырей дунейм ар зыпэрыт IэнатIэм жэуаплыныгъэшхуэ пылъщ.

- Си лэжьыгъэм куэд къызет: нэгъуэщI щIыналъэхэм щылэжьэнри цIыхущIэхэр зэгъэцIыхунри хэту, - жеIэ Емузым. - Апхуэдэ лэжьыгъэм къалэн къыпщещI зэпымыууэ зыбузэщIыну. Псалъэм папщIэ, дипломатхэм илъэсищ къэс инджылызыбзэр зэращIэм щыхьэт техъуэ экзамен ятын хуейщи, сэ дапщэщи а Iуэхум щIэ гуэр къыхызох, сыдехьэх. КъищынэмыщIауэ, иджыри зы хамэбзэ - тыркубзэр - зэзгъэщIэну схузэфIэкIащ. Зэгуэрым си къуэ нэхъыжьыр къызэупщIащ, сыхэдэну Iэмал сиIатэмэ, сыт хуэдэ зэфIэкIышхуэ сиIэну сыхуейми. «Дунейм и бзэ псоми срипсэлъэнт!» - жесIат. Абы щыгъуэм щIалэм сыкъыгурыIуагъэнтэкъым, къару ин зыхэлъ нэгъуэщI зыгуэр къыхэсхыну щыгугъауи къыщIэкIынут. АрщхьэкIэ сэ сызыхущIэкъур дунейпсо зэхущытыкIэхэм ехьэлIауэ си щIэныгъэ лэжьыгъэм пысщэнырщ, ди унагъуэм зэрыщыхабзэу, профессор, академик сыхъунырщ. Абы и лъэныкъуэкIэ си унагъуэм сыт хуэдэ Iуэхури къызэрыздиIыгъым, къызэрыздигъэпсынщIэм къыхэкIыу фIыщIэ ин хузощI».

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Ди къуэш республикэхэм

ЗэгурыIуэныгъэм Iэ щIадз

АДЫГЕЙ. *Правительствэм и унэм щекIуэкIащ АР-м социальнэ-лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэр щызэтеухуэнымкIэ и комиссэм и зэIущIэ. Абы къыщапщытэжащ Адыгейм и Профсоюзхэм я федерацэм, щIыналъэм и Промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэм, АР-м и министрхэм я кабинетым 2023 - 2025 илъэсхэм зэфIагъэкIахэр. Апхуэдэуи Iэ щыщIадзащ 2026 - 2028 гъэхэм зэрызэдэлэжьэнум ехьэлIа зэгурыIуэныгъэщIэм.*

КЪЫЗЭДНЭКIА илъэсым комиссэм и лэжьыгъэм кърикIуахэр къэпщытэжынымкIэ къыщIадзащ зэIущIэр. Къызэхуэсахэр абы щыгъуазэ щащIащ лъэныкъуищым я лIыкIуэхэм. Адыгейм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Мырзэ Джанбэч къыхигъэщащ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм къызэщIиубыдэ Iуэхухэр нэсу зэрызэфIахар. Гулъытэ щхьэхуэ зыхуащIахэм ящыщщ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэр егъэфIэкIуэныр, дэтхэнэри социальнэ и лъэныкъуэкIэ хъумэныр.

Псы хурагъашэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и къыкIэлъыкIуэ гуманитар дэIэпыкъуныгъэр Ростов областым яутIыпщащ. Дзэ госпиталым зи узыншагъэр щызэфIэзыгъэувэжхэм яIэрыхьэнущ зэфэну псы тонни 9.*

- ЗЭТЕУБЛАУЭ дадоIэпыкъу Дон Iус Ростоврэ Ставрополрэ дэт дзэ госпиталхэм, къулыкъур езыхьэкIхэм зэрызыкъытхуагъазэр гулъытэншэ тщIыркъым, сыт щыгъуи дапыщIапщ дзэ частхэм. ЗауэлIхэр къызыдогъэпэщ Iэмал имыIэу зыхуеинухэмкIэ - псыкIэ, техникэкIэ, IэмэпсымэхэмкIэ, ерыскъыхэкIхэмрэ хущхъуэхэмкIэ, апхуэдэуи защIыдогъакъуэ я унагъуэхэм. «Урысей зэкъуэт» щIыналъэ къудамэр тщIыгъуу республикэм икIыу яхуедгъэшащ гуманитар тонн 1800-м щIигъу, - къыхигъэщащ КъШР-м и Парламентым и депутат Жамбей Руслан.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

● Фэеплъ

Удихьэхырт и макъ лъэщым

Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ Хъупсырджэн Албэч псэужамэ, и ныбжьыр гъатхэпэм и 30-м илъэс 70 ирикъунут. Республикэм и макъамэ гъуазджэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфIхэр хуэзыщIа, классикэ макъамэхэр Iэзэу зыгъэзащIэу щыта артистыр ящыщт цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуахэм.

ХЪУПСЫРДЖЭН Албэч Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Зеикъуэ къуажэм 1956 гъэм гъатхэпэм и 30-м къыщалъхуащ. Налшык и Музыкэ училищэм, иужькIэ Астрахань, Воронеж къалэхэм щыIэ консерваторэхэм щеджащ.

КъБР-м и Музыкэ театрым зэрыщылэжьа зэманым къриубыдэу абы оперэ, опереттэ зэмылIэужьыгъуэхэм партие нэхъыщхьэу 40-м нэблагъэ щигъэзэщIащ. Куэдым ягу дыхьащ Верди и «Травиата» оперэм - Жермон, Штраус и «Летучая мышь» опереттэм - Айзенштейн Генрих, Чайковский Пётр и «Евгений Онегин» оперэм - Онегиным, «Цыганский барон» оперэм - бароным я ролхэр зэрыщигъэзэщIар.

Iэпэпшынэм дахэ дыдэу еуэу щытащ Албэч и анэ Хуту. Аращ зэкъуэшиплIри макъамэм щIэзыпIыкIар, щIэдзапIэ, гъуазэ яхуэхъуар, макъамэр фIыуэ езыгъэлъэгъуар. Зэкъуэшхэр макъамэ Iэмэпсымэ гуэр (балалайкэ, мандалинэ, Iэпэпшынэ) йоуэ, уэрэди жаIэ, макъи яIэщ. Албэч зыхэмызагъэ макъамэ Iэмэпсымэ къэгъуэтыгъуейт. Абы хуэдэу и къуэшхэри макъамэм хуеджауэ щытамэ, къыкIэрымыхуу уэрэджыIакIуэ хъуну къыщIэкIынт, ауэ абыхэм гъуазджэр Iэпэгъу ящIакъым.

Хъупсырджэн Албэч и гъащIэр гъэщIэгъуэн дыдэу къекIуэкIащ. ЗэрыцIыкIурэ футболрат абы нэкууи напIэуи иIэр. Школым щыщIэс зэманым спорт лIэужьыгъуэхэм щыщу топ джэгумрэ атлетикэ псынщIэмрэ хуабжьу дахьэхат. Бахъсэн къалэм дэс ныбжьыщIэхэм я «Автомобилист» футбол клубым, иужькIэ ди республикэм и «Спартак» футбол клубым пIалъэ кIэщIкIэ щыджэгуащ. КъыдэгушыIэми я фIэщми имыщIэу, и ныбжьэгъухэм куэдрэ къраIуэкIырт, топ щыджэгукIэ хуабжьу зэрыкIийр. Зэгуэрым, футбол гупитI здэджэгурти, я хьэрхуэрэгъухэм цыплъ хъужауэ зы лIышхуэ яхэтт, Албэч пэмылъэщу. Ахэр гъунэгъу зэхуэхъуху зэжьэхэуэрт, апщIондэхукIи къыIуидзырт. Арати, Iэмал гуэр абы къыхуигупсысыну иужь ихьащ, моуэ гъунэгъу къыщыхуэхъу дыдэм зэрифIэщкIэ кIиящ. Ар къащтэри, занщIэу джэлащ, удзым нэкIукIэ хэхуэу. Ар зылъэгъуахэм къадыхьэшхар пхужыIэнкъым. Абы щыгъуэм къыжраIат: «Уэ ущыджэгун хуейр футбол губгъуэракъым, атIэ театрым и утыкурщ!».

Хъупсырджэныр школ-интернатым щыщIэсым, макъамэр фIыуэ илъэгъуауэ, духовой оркестрым хэтт, кларнетымрэ трубамрэ еуэу. КъищынэмыщIауэ, хорым хэтт, ауэ зэгуэр уэрэджыIакIуэ хъуну зэи игу къэкIыртэкъым, и макъым иригъэдэIуэну къыжраIэми. Зэхыхьэ гуэрым уэрэд жиIэну щрагъэблагъэм, «Сэрмахуэ» адыгэ цIыхубэ уэрэдыжьым иригъэдэIуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и оперэ уэрэджыIа-кIуэ цIэрыIуэ, Ленинград консервато- рэр къэзыуха Къуэдзокъуэ Владимир абы щыгъуэм къыбгъэдыхьэри къыжриIат: «Иджыри къыздэсым дэнэ уздэщыIар? Уэ пхуэдэщ дэ къэтлъыхъуэр. Макъ дахэ уиIэщи Iэмал имыIэу уэрэджыIакIуэ ухъун хуейщ. Музыкэ училищэм пщэдей сынышыппоплъэ». Хъупсырджэныр егупсысащ: «Пэж дыдэу макъамэрауэ къыщIэкIынщ къыхэсхын хуейр».

И анэ дэлъху Дыкъынэ Хьэмид абы щыгъуэм радиом щылажьэрт. Къуэдзокъуэ Владимиррэ абырэ фIыуэ зэрыцIыхурти, абы и деж ишащ. Музыкэ училищэм и унафэщI Хьэсанэ Мусэ егъэджакIуэхэр и гъусэу зэхуэсащ къедэIуэну. Фортепьянэм деж тIысри адыгэ уэрэд зыбжанэ жиIэри, экзаменыншэу училищэм къащтащ. ИлъэситIкIэ абы щIэса нэужь, Астрахань къалэм дэт консерваторэм еджакIуэ ягъэкIуащ. Илъэсищ дэкIари, Воронеж къалэм и консерваторэм щыпищащ и еджэным. А къалэм оперэ театр бэлыхь дэтти, зэман зэриIэу абы кIуэрт. Еджэныр къиухри, а театрым лэжьэн щыщIидзащ. А зэманым КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министру щыта Ефэнды Джылахъстэн и унафэкIэ, КъБР-м и Музыкэ театрым и дирижёр нэхъыщхьэ Супер Анатолий Воронеж къалэм кIуэри, Хъупсырджэныр Налшык къиишэжауэ щытащ. Илъэс куэдкIэ ар КъБР-м и Музыкэ театрым щылэжьащ.

Хъупсырджэным къемыхьэлъэкIыу игъэзащIэ нэхъ игу дыхьэ и партиехэм ящыщт Верди Джузеппе и «Риголетто» оперэр. Зыри къыщымыщIу и кIэм нэсу ар жызыIэф баритоным зэфIэкIышхуэ бгъэдэлъу къалъытэрт. Апхуэдэу Мистер Икс и арие Хъупсырджэным хуэдэу жызыIэфа Кавказ Ищхъэрэ псом имысу жаIэ. Артистым нэхъ игу дыхьэу игъэзэщIа партие нэхъыщхьэхэм ящыщщ Верди и «Травиата», Кальман Имре и «Сильва», Чайковский Пётр и «Евгений Онегин», Рахманинов Сергей и «Алеко» классикэ оперэхэмрэ Штраус Иоганн и «Цыганский барон», «Летучая мышь» опереттэхэмрэ.

Зи гъащIэ псор сценэм езыпха Албэч ди щIыналъэми нэгъуэщI щIыпIэхэми къыщацIыхурт. Оперэ, опереттэ куэдым роль нэхъыщхьэхэр гукъинэжу щигъэзэщIащ абы. И лэжьэгъухэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ нэхъ гукъинэж ящыхъуахэм ящыщщ Гаджиев Рауф и «Кавказская племянница» опереттэм щигъэзэщIа Ариф и ролыр. Абы фIы дыдэу къехъулIэрт адыгэ уэрэдыжьхэри.

Бекъул Леонид зи художественнэ унафэщI «Бжьамий» ансамблым Хъупсырджэныр щыхэтам щIыпIэ куэдым зыкъыщагъэлъэгъуащ - Сирием, Иорданием, Франджым, Европэм и нэгъуэщI къэралхэми. Зэпеуэ, фестиваль куэдым япэ увыпIэхэр къыщахьу, зыкъыщагъэлъагъуэ щIыналъэхэм щыпсэухэм гуапэу ирагъэблагъэу икIи къырагъэжьэжу лэжьащ ансамблыр. Ди лъэпкъ хабзэхэр, фащэхэр, къафэхэр, уэрэдхэр ягу зэрыдыхьэр ялъагъурти, абы игъэгушхуэрт артистхэр.

Албэчрэ и щхьэгъусэ Людмилэрэ унагъуэ дахэу къызэдэгъуэгурыкIуащ. Я пхъуищми гъэсэныгъэрэ щIэныгъэрэ иратащ. Ахэри унагъуэ хъужащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

ЛIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ

«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэхэм зи тхыгъэхэмкIэ фIыуэ яцIыхухэм ящыщщ Бахъсэн районым хыхьэ Ислъэмей къуажэм щыщ Къардэн Мухьэмэд. Журналистикэм куэд лъандэрэ гу хуэзыщIа нэхъыжьыфIым и IэдакъэщIэкIхэм къыщегъэлъагъуэ ди гъащIэр зэрызэхэт Iыхьэхэм, цIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэм, абыхэм я зэхэтыкIэм ятеухуа Iуэхугъуэхэр. Мы очеркри Мухьэмэд триухуащ лэжьэгъуфIу иIа, мэкъумэш IэнатIэм пщIэрэ щIыхьрэ щызиIэ IэщIагъэлIым.

«ГУРЫМЫХЬЭ къущхьэхъу щIыпIэр Iэщхэр щыбагъуэ хъупIэ нэхъыфI дыдэщ. Сэ абы сызытемыува щIыналъэ иIэкъыми, нэхъ дахэ щыIэу схужыIэнукъым. КъэнжалкIэ зэджэ бгы задэм и сэмэгурабгъумкIэ дэбдзыхрэ уехмэ, щIыпIэшхуэ щеубыд абы. КъыщыкI удзхэр апхуэдизкIэ къэуатщ, «пшэрщи», уэшх нэужьым щIы щхьэфэхэр дагъэ защIэу ираIэ. КъибыргъукIыу къыщIэж псынэпс бжыгъэншэхэр дэнэкIи щызэблож. Нарзан пщтыру щыIэхэми яхэтщ узыфэ куэдым сэбэп яхуэхъухэр. Бгы уардэхэр, мэзышхуэхэр-щэ! ДэнэкIэ зыбгъэазэми, нэм къызэщIикъуэ щIыпIэр алэрыбгъу дахэм хуэдэу хуэпащ.

А щIыпIэм колхозхэм, совхозхэм мазэ бжыгъэкIэ Iэщышхуэхэр, шы, мэл гуартэхэр щаIыгъти, къыпхуэмыцIыхужыным хуэдэу бэгъуауэ ирахухыжырт. Апхуэдэу щыт пэтми, къыщыхъу щыIэт гум и щIасэ а щIыпIэ дахэр къыпхуэмыцIыхужыным хуэдэу щыятэу нэщхъеягъуэ къыщишэ. Аращи, ухутыкъуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым, сыт хуэдэ къэхъукъащIэми ухуэхьэзыру щытын хуейт. Махуэм дунейм и щытыкIэм щэ-плIэ зыщызэрихъуэкI щыIэт: гъэмахуи, гъатхи, бжьыхьи, щIымахуи щыплъагъунут. НапIэзыпIэу псэзэпылъхьэпIэ уихуэу, «уи щхьэ-сищхьэ нэхъэрэ - си щхьэ гуэр» щыжыпIэни къэхъуфынут. Абы щыгъуэм деж ар лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэт.

А щIыпIэ къулейм игъэкIуэну «Красная Кабарда» колхозым Iэщ минитхум къыхихри, нэхъ къулейсызу щIымахуэ текIа жэмыщIэ 300-м щIигъ игъэхьэзырат, абы зыкъыщрагъэужьыну.

- Мыр Iуэху цIыкIукъым, «къыдогъэщIытэж» жыпIэурэ зы щIыIэ тIэкIу къэхъумэ, абы псори ихьыныр хэлъщ. Хэт и пщэ дэтлъхьэн щIыхьым и мызакъуэу, жэуаплыныгъэшхуи зыпылъ мы Iуэхушхуэр? - жиIэу колхозым и унафэщI Мэлыхъуэ ФуIэд зоотехник нэхъыщхьэ Къэбардэ Iэмурбий щеупщIам, абы занщIу Лъэкъущо Чэрим и цIэр къриIуащ.

- Чэрим Iэщым фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIщ, зэи укъигъэукIытэнукъым, укъигъэпцIэнукъым, цIыху бэшэчщ, - жиIащ абы икIи Iуэхур Лъэкъущом и пщэ дальхьэну унафэ къащтащ.

Километрищэ зыдэлъ гъуэгуанэр щызэпыпч махуэ зыщыплIым, уи насыпмэ, уэфIынщ, армырауэ дунейр ятэмэ, Iэщ дэнэ къэна, нэщIэбжьэ хэпхыныр бетэмалт. А гъэм и накъыгъэм и иужь махуэхэр дунейм и дахэгъуэти, щытыкIэм фIыкIэ уигъэгугъэ фIэкIа, Iей гуэр къэхъуну узыгъэшынэ щыIэтэкъым: уафэр къащхъуэт, щIылъэр щхъуантIэт, ихъуреягъкIэ гухэхъуэт, мамырт. А псоми я гур фIы ищIауэ, нэхутхьэху хъуа къудейуэ Чэрим и гупыр Гурымыхьэ щIыналъэм хуэкIуэ гъуэгуанэ мытыншым теуващ, Iэщ 300-м щIигъур япэ ирагъэувэри. Куэд дэмыкIыу Iуащхьэмахуэ и щIыб пшэ фIыцIэ Iэрамэ къыщыунэхури, «гуфIэжу» къыкъуэкIа дыгъэр зыIэщIилъхьащ, дунейр щIыIэбжь хъури, уаемрэ борэнымрэ хуэкIуэжащ.

ЩIэфиихьыжу зыкъызэIузыха борэн щIыIэм Iэщхэм лъахъэ ярилъхьащ, цIыхухэми нэ плъэгъуэ яритыркъым. Цы Iэрамэм хуэдэу уэсым къыщIидзауэ щIыналъэр есей. Удзыфабзэу щыта щIыналъэр напIэзыпIэм чэсейфэхукIэ ихуэпащ. ЩIыIэр щысхьыншэу цIыху Iэпкълъэкъым йогуауэ. Зэуэзэпсэу гъэмахуэр икIри щIымахуэ хъуащ. Ар жэмхэми зыхащIащи, я уэс джанэр зыщадзыну къэувыIэурэ заутхыпщI, зоныкъуэкъу. Танэхэр зэщIокIэзызэ, къакIэрыхуу къэувыIэхэри яхэтщ. Чэрим ахэр къызэщIикъуэурэ нэхъ хуэму яужь иту макIуэ.

- ТIэкIу девгъэужьэрэкIи, ди гъэш фермэхэр зыдэс ЕкIэпцIэкъуэ дынэсынущ, - захуегъазэ Чэрим и лэжьэгъухэм, жэщым ар егъэзыпIэ яхуэхуу щIыхьми апхуэдэу IэщIэкIыфыну гугъэу. Ар хуабжьу зытегузэвыхьыр Iэщхэм я закъуэтыкъым, атIэ щIыIэр къызэхьэлъэкI и лэжьэгъухэми папщIэ и гур узырт. Абыхэм я гур мыкIуэду къызэтенэн щхьэкIэ яжриIэрт Хьэмащэ нэсмэ, къэнэж щымыIэу, адэкIэ къуэ защIэкIэ укIуэ хъуну.

Нэху къыщекIами дунейм зыкIи зихъуэжатэкъым: борэнт, уает, жьыбгъэ щIыIэр шы емылыджым хуэдэу етат. Пшагъуэмрэ гъуэзымрэ зэхэзэрыхьыжащи, уи япэ итыр плъагъуркъым, ублэбэкъукIамэ нэр здынэмыплъыс бгы лъащIэм Iэщхэри цIыхухэри укъыщыхутэныр бетэмалщ. Гъуэгуанэ утехьэну дзыхьщIыгъуэджэщ. ИщхьэкIэ къехыжахэми хъыбарыфI къахьыртэкъым. Iуэхур хэплъэгъуэт. IэщыхъуэхэР зэчэнджэщри, гъуэгум пащэну унафэ къащтащ. Ахэр къызэтеувыIэнкIэ Iэмал иIэтэкъым: Iэщхэм къамыкIухьмэ, щIыIэм исынут. Нэхъ къызэхьэлъэкI зыщыплIыр фермэм къытранэри, гупым Хьэмащэ ухуэзышэ гъуэгуанэм пащащ.

Арати, «ажал гъуэгукIэ» узэджэ хъуну гъуэгуанэм теувэжащ. Зызытыну зи гум имылъ уаеу градус 30-м щIигъуам мурад ищIа хуэдэт псэ зыIут дэтхэнэри зыIэщIилъхьэну. Жьыпэуи къуэдзапIи щыIэтэкъым. ЩыIэпэми, щыIэм уи пIэм уригъэзэгъэнукъым - къэпкIухь зэпытмэт абы ущыпэлъэщынур. Арат IэщIыхъуэхэм шым темысу гъуэгуанэр лъэсу щIызэпачри. Iэщым хэщI щымыIэу, езыхэри узыншэу пщыхьэщхьэхуэкIуэу Чэрим и гупыр Хьэмащэ нэсащ. ЕгъэзыпIэ къыщагъуэтри, абдеж нэху къыщекIащ.

- Илъэс щэ никъуэм нэблэгъауэ мы щIыналъэр си кIуапIэщи, мыпхуэдэ уае слъагъун дэнэ къэна, нэхъыжьхэм жаIэжу зэхэсхакъым, - жиIэрт Iуэхур зэрыхъунумкIэ Лъэкъущор зэчэнджэщ Iэщыхъуэхэм я нэхъыжь Iимам Аслъэнбий. - Умыгузавэ, Чэрим, Мазэхэ щIыпIэм дынэсмэ, адэкIэ къэнэжа щыIэкъым, дыкIуэнщ къуэ кIуэцI защIэкIэ, щIыIэр къыдэмыхьэлъэкIын хуэдэу.

Жэщ хъуати, Iэщхэм бгы жьыпэухэм пэгъунэгъуу увыIэпIэ иратащ. Езыхэм зызэфIамыхыу, Iэщ гъунэр къызэхакIухьу нэху щыху яхъумащ. Пщэдджыжьым дыгъэм, мыбэлыхьми, хуабэ гуэрхэр къыIэщIэкIыу, дунейми псэ къыхыхьэжу хуежьат. Здежьа щIыпIэм нэсыным къэнэжа щыIэтэкъыми, сыт щыгъуи хэщIапIэ щащI щIыпIэм хуэпабгъэу гупыр ежьэжащ. ЗэманкIэ кIуауэ, дыгъафIэхэм телъ уэсым удзхэр къыIэщIэкIыжу щIидзат. Абы щыгуфIыкIыу Чэрим Iэщхэм иужь иту здэкIуэм, и нэгум къыщIидзащ благъэу джабэ нэкIум кIэрылъ уэсым къыхэщ фIыцIэшхуэ зэхэмыщIыкIыгъуэр. Гурыщхъуэ гуэр и гум къэкIауэ, Чэрим и щхьэм хужеIэж: «Жыжьэкъым, мыр зищIысыр къэсщIэнщи, си гур згъэзэгъэнщ», - Iэдэжу иIыгъ шым зридзри, абыкIэ игъэзащ. Нэсмэ - щIакIуэт илъэгъуар. Ар зейри, уэсым къыщIэщыж щымыIэу, жыжьэ мыкIуэу къигъуэтащ.

«Алыхь-Алыхь, уэлэхьи мыхъуа мыр», - жиIэри Чэрим абы псынщIэу уэсыр тритхъури къыщIигъэщащ. Еплъмэ - щIалэр псэужтэкъым: щIыIэм исат. Мыр дауэ хьэкIэкхъуэкIэ мэжэщIалIэ къэзыкIухьхэм езгъэшхын, псори къэзгъэнэнщи, Iэмал имыIэу зейр къэсщIэнщи яIэрызгъэхьэжынщ, - жеIэ Чэрим игукIэ.

И гъусэхэр ишэри, щIалэр щIакIуэм кIуэцIылъу шым трапхащ.

- Ди хэщIапIэм фынэсмэ, Аслъэнбий, фыкъызэмыжьэу пщыIэхэр вгъэув, сэ къежэхыж машинэ гуэр къызгъуэтынщи, мыр езгъэшэнущ, - жеIэри Чэрим Къэнжал ехыпIэм пэмыжыжьэу гъуэгу къехыжыпIэмкIэ игъэзащ. Сыхьэт зытIущ хуэдиз дэкIауэ УАЗ къежэхыр къигъэувыIащ Чэрим. Iуэхур зытетыр абы исхэм яжриIащ, атIэми Iуэхур езым и пщэ иримылъхьэжу мыхъуу, щIэрыщIэу нэгъуэщI гъуэгуанэ хьэлъэ теуващ.

ЩIалэр машинэм иралъхьа иужькIэ, ахэр мыгувэу Хьэмащэ нэсащ. Iуэхушхуэр адэкIэ шэжыныр арат. Алыхьым и Iэмыраууэ, къэхъуа насыпыншагъэмкIэ зыгуэрым хъыбар иригъэщIа фIэкIа умыщIэну, асыхьэтым губгъуэм жьыхулъатэ (вертолет) къыщытIысащ. Ар зэрилъагъуу, Чэрим машинэм къелъэри, абы къикIахэм захуигъэзащ, Iуэхур зыIутри яжриIащ. АпщIондэхукIэ УАЗ-м исахэм зытехьа хъупIэм и штабым щызэхагъэкIащ щIалэр хэтхэ ящыщми, дэнэ щыщми. Ар Нартан щыщ Нэгъуейхэ я щIалэу къыщIэкIащ.

Жьыхулъатэм исхэм «хьэуэ» къыхамыгъэкIыу Чэрим и лъэIур ягъэзэщIащ. ЩIалэр зейм хуашэжащ, ауэ мыбдежи адыгэлI щыпкъэм и гум идакъым дунейм ехыжар Iыхьлыхэм яритыжу занщIэу къыIукIыжыну. Ар зэрыхъукIэ яхэтащ гуауэр зейхэм, я унэ щынэсыжари жэщ никъуэ хъуауэщ. Жейм емызэгъ Чэрим и тхьэкIумэм итт къыщрагъэжьэжым Нэгъуейхэ я къуэхэм къыжраIа псалъэхэр: «Уэ дэ къытхуумыщIа щыIэкъым: псэзэпылъхьэпIэм укъикIри, уи лэжьыгъэр къэбгъанэри, куэдым ямыщIэфын Iуэхутхьэбзэшхуэр къытхуэпщIащ. ЛIыгъэшхуэ пхэлъщ, лъэкIыныгъэшхуэ уиIэщ. Ди унагъуэм, ди лъэпкъым зэи тщыгъупщэнукъым уэ щIалэм къытхуэпщIар, дяпэкIэ удикъуэшщ уэри...»

Нэху мыщ щIыкIэ Лъэкъущор машинэтедзэкIэ гъуэгу техьэжри, и гур здэщыIэ, щIэгузавэ Гурымыхьэ кIуэжащ, пщыхьэщхьэхуэкIуэуи нэсыжащ. Пщэдджыжьым абыхэм къалъэIэсащ ищхьэмкIэ щыIэ щIыуэпс гузэвэгъуэр зэхэзыха колхоз унафэщIхэр. Псори зэрытэмэмыр къащIа нэужь, абыхэми я гур зэгъэжащ.

ХъупIэм зэрыщыIэнур зэфIэкIыу къуажэм къигъэзэжа иужькIэ Чэрим и фермэр фIыкIэ къыщапсэлъащ зэхуэсым, саугъэт лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ. Колхозым и тхьэмадэм и жэрдэмкIэ Чэрим къыхуагъэлъэгъуат жэм лъэпкъыфIхэр щаIыгъ гъэш фермэм унафэщIу ягъэувыну, арщхьэкIэ абы жиIащ хъупIэ жыжьэм щиIыгъа жэмыщIэхэр зытетым къэнэжмэ нэхъ къызэрищтэр. Лъэкъущом зэхуэсым кърихьэлIахэр къигъэгугъащ езыр зи пашэ фермэм шэуэ къыщыщIашымкIэ пэрыт ищIыну. Апхуэдэу Iуэху гугъум щIидзащ фермэм и унафэщIым.

Псори зэлъытар лэжьакIуэхэр зэрыарар фIыуэ къыгурыIуэрти, Чэрим гупсэхуу къыхихащ фермэм щылэжьэнухэр. Зэман кIэщIым къриубыдэу Лъэкъущом къызэригъэпэщащ гуп зэкъуэт. Абыхэм яхузэфIэкIащ зи щыпэлъхуэ жэмыщIэхэр тэмэму къэшыныр, ахэр гъэсэныр. Езы Чэрими «сэ сыунафэщIу аращ» жиIэу Iуэхуншэу щысакъым зэи: Iуэхур щызэблэу къимыгъэхъуу Iэхъуэхэм, жэмышхэм ядэIэпыкъуащ, бор ядигъэкъабзэу, жэщкIэ щыкъэрэгъули къыхэхуэу.

Гъэш фермэ хъуа иужькIэ, гупым къалэн зыщищIыжауэ щытащ дэтхэнэ жэмыщIэми хуэзэу шэ килограмм 1800-рэ къыщIашыну. Гъэм и кIэм нэсу зэхьэзэхуэм кърикIуахэр къыщапщытэжым, а бжыгъэр килограмм 2000-м фIыуэ щIрагъэгъуауэ къыщIэкIащ.

Зы илъэсым нэхърэ къыкIэлъыкIуэм Чэрим и фермэм нэхъ зиужьырэ екIуэкIащ. Къэхъуащ Чэрим и фермэм илъэсым зы жэмым хуэзэу шэ килограмм 3200-рэ къыщыщIишу, «Красная Кабарда» колхозым, иужькIэ районми япэ увыпIэр щыщиубыда зэмани. Ерыщу, и щхьэ Iуэхум япэ лэжьыгъэ Iуэхур иригъэщу зэрыбгъэдэтар арат Чэрим псори къыщIехъулIэр. ГугъуехькIэ псыхьа цIыхум апхуэдэ насып иIэ хабзэщ. Лъэкъущор абы и щапхъэт. Илъэс 40-м нэблагъэкIэ ар елэжьащ Iэщым хьер къыпыпыхыным. Чэрим и зэманыр кIуэуэ аратэкъым - блэлъэтырт, гуащIэдэкI инкIэ, купщIафIэкIэ гъэнщIати.

Жьыщхьэ махуэ хъуауэ дунейм ехыжащ Чэрим. Ди Ислъэмей жылэшхуэр зэрыгушхуэ лэжьакIуэу щыта нэхъыжьыфIым и бынхэм, абы къалъхужахэм я насып куэд хэплъащ. Къуажэм и тхыдэм зи цIэр дахэкIэ къыхэнахэм ящыщ Лъэкъущо Чэрим и щапхъэр щIэблэм нобэ я гъуэгугъэлъагъуэщ».

Зыгъэхьэзырар
КЪАРДЭН Маритэщ.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэрахузэфIэкIкIэ зыщIагъакъуэ

Курск областым сом зы мелардым щIигъу лейуэ хуаутIыпщынущ Iэмалыншагъэкlэ зи унэхэр зыбгына унагъуэхэм псэупIэ къызэращтам трагъэкIуадэр хуапшыныжын папщIэ. Абы теухуа унафэм Iэ щIидзащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил.

АХЪШЭР Урысейм и Правительствэм и гъэтIылъыгъэ фондым къыхэкIынущ, ар трагъэкIуэдэнущ мы гъэм и мэлыжьыхь мазэм щегъэжьауэ мэкъуауэгъуэ пщIондэ цIыхухэм яхэщIар ирагъэкъужыным. Ар яIэрыхьэнущ унагъуэ мин 17,8-м щIигъум. Унафэм Iэмал къаритынущ псэупIэхэр къызэращтам папщIэ цIыхухэм ягъуэта хэщIхэр и чэзум иратыжыну. 2026 гъэм и щIышылэм къыщыщIэдзауэ гъатхэпэ пщIондэ апхуэдэ ахъшэу цIыхухэм хуапшыныжащ сом мелард 1,3-рэ. Абы къызэщIрагъэубыдащ унагъуэ мин 21-м нэблагъэ.

Правительствэм гъатхэпэм и 30-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм къыщагъэта унафэм и гугъу щищIым, Мишустин Михаил Финансхэмкlэ, Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министерствэхэм пщэрылъ ящищIащ къагъэлъэгъуа мылъкур нэхъ псынщIэу щIыналъэм нагъэсыну, цIыхухэм хуагъэува ахъшэ псори чэзум яIэрыхьэн папщIэ.

Пенсэм зыхуэщIагъуэр

Урысейм и социальнэ фондым къызэритамкIэ, мэлыжьыхь мазэм щегъэжьауэ къэралым щыпсэу цIыху мелуани 4-м нэблагъэм я пенсэхэм процент 6,8-кIэ хэхъуэнущ. Ар нубжьыуэ илъэс кIуам цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэу ягъэувауэ щытам тещIыхьауэ.

АПХУЭДЭУ я пенсэм хэхъуэнущ Хэку зауэшхуэм хэта цIыху щхьэзэхуэхэм: Ленинград блокадэм щыпсэуахэмрэ Севастополрэ Сталинградрэ къэзыухъуреихьа нэмыцэхэм япэщIэтахэмрэ. КъищынэмыщIауэ, мэлыжьыхь мазэм щегъэжьауэ Социальнэ фондым хигъэхъуащ зи ныбжьыр илъэс 80-м щIигъуахэм, япэ гупым хыхьэ ныкъуэдыкъуагъ зиIэхэм зэрыкIэлъыплъым папщIэ ират къэрал пенсэм худыщIагъужми.

Мы мазэм щегъэжьауэ Урысейм щат социальнэ пенсэр ику иту сом мин 16,5-рэ хъунущ.

Мэлыжьыхьым и 2, *махуэку*

♦**Сабий тхылъым и дунейпсо махуэщ**
♦**Белоруссиемрэ Урысеймрэ я лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ**
♦**1911 гъэм** Цагъуэ Нурий Истамбыл адыгэбзэкIэ къыщыдигъэкIащ «Гъуазэ» газетым и япэ номерыр.
♦**1948 гъэм** адыгэ тхакIуэ щэджащэ КIэрашэ Тембот СССР-м и Къэрал саугъэтыр кърататщ.
♦**1932 гъэм** къалъхуащ журналист, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **АфIэунэ Рае**.
♦**1937 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и механизатор **Дадэ ХьэмытIэ**.
♦**1944 гъэм** къалъхуащ бзэ щIэныгъэлI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор **Абдокъуэ Iэуес**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пщэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градуси 9 - 11 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

Мэлыжьыхьым и 3, *мэрем*

♦**ГуфIэгъуэ пшыхьым и дунейпсо махуэщ**
♦**1963 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къуий Щыхьымбий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 17 - 18, жэщым градуси 10 - 12 щыхъунущ.

Къытхэхъуащ

Дыгъуасэ - сабий 27-рэ: 13-р хъыджэбз цIыкIущ, 14-р щIалэщ.

Мэлыжьыхьым зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 27-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 2331-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

ЛъэпкъIущыгъэ:
Псэ зиIэм уахътыи иIэщ.

Нэтынхэр зэбгрегъэх

2026 гъэм илъэс 25-рэ ирокъу УФ-м и щIыналъэхэм телевиденэмрэ радиокIэ хъыбар зэрырагъащIэ РТРС IэнатIэр ди къэралым къызэрыщызэрагъэпэщрэ.

УФ-м и Президентым и унафэкIэ 2001 гъэм къэунэхуа, бжыгъэхэм ятещIыхьа эфир (дыкъэзыухъуреихь хьэуам щыхэпсыпсэ) телевиденэмрэ FM-радионэтынхэмкIэ IуэхущIапIэр адрей къэралхэм ейм елъытауэ, къызэрабжамкIэ, нэхъ зызыубгъуащ, зэпыщIэныгъэм и IэмалхэмкIи къытекIуэ щымыIэщ.

РТРС IэнатIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ и къудамэм и зэфIэкIкIэ, канал куэд зиIэ телерадионэтынхэр ди щIыналъэм щыпсэухэм я процент 99,8-м къаIэрохьэ. Бжыгъэхэм тещIыхьа (цифровой) телевиденэм и нэтынхэр станцэу 38-мкIэ республикэм щызэбграгъэкI. АбыхэмкIэ цIыхухэм я деж нахьэсыр федеральнэ программэхэм я закъуэкъым, атIэ республикэм щылажьэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и нэтынхэри «Россия 1», «Россия 24» телеканалхэмкIэ ирагъэлъагъу. Аращ «Радио России» радиоканалым и Iуэху зыIутри.

«1 КБР» республикэ телеканалым къитхэм ди щIыналъэм щыпсэухэр аналоговэ форматкIи щеплъыфынущ РТРС-1 пакетым хэт ОТР телеканалымкIэ. РТРС-м и къудамэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и РТПЦ» IэнатIэм мы зэманым цIыху 59-рэ щолажьэр.

Налшык къалэм и теплъэр нэхъри зыгъэдахэ ухуэныгъэ телъыджэу ябж и теле-чэщанэ абрагъуэу 2022 гъэм, иджырей гъуазджэм и IэмалхэмкIэ зэщIэцIуужрэ зэщIэпщIыпщIэжу къагъэщIэрэщIэжар.

УФ-м и РТРС IэнатIэм къэралым щиIэ и радиотелецентр 79-р зэхэтщ «зыуэ щыт производствэ-технологие комплекс» жыхуаIэу. Телекоммуникацэм и IэмалхэмкIэ а зэгухьэныгъэр сэбэпышхуэ мэхъу Хэкум шынагъуэншагъэ щыгъэIэнымрэ зихъумэжынымкIи, технологие и лъэныкъуэкIэ и щхьэхуитыныгъэр игъэбыдэнымкIи.

РТРС-м бжыгъэхэм тещIыхьа и телерадио-хъышхуэм Урысей Федерацэм и щIыналъэ псори къызэщIеубыдэ, и нэтынхэр станциеу мини 5-м щIигъумкIэ зэбграгъэкI. Абыхэм я зэфIэкIкIэ канал куэд зиIэ телерадионэтынхэр къэралым щыпсэухэм я процент 98,6-р къаIэрохьэр. Зи гугъу тщIы зэгухьэныгъэм хуолажьэ Урысейми Европэми щынэхъ ин дыдэу къыщалъытэ ухуэныгъэу Москва и Останкинэ щIыналъэм километр ныкъуэм щIигъу (метр 540-рэ) и лъагагъыу щызэфIагъэуваууэ щыта теле-чэщанэ абрагъуэр.

Къыхэдгъэщынщи, РТРС-м и техникэ комплексыр, хамэ къэралхэм къращу щыта пкъыгъуэхэм щымыгугъыжу, «импортозамещение» жыхуаIэм тету, зэпымыууэ зэхъуэкIыжыным иужь итщ. КъинэмыщIауэ, и телерадио-хъыш нэхъри зригъэужьыжкIэрэ, къэралым къыхагъэхьэжа щIыналъэхэу Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэмрэ Запорожскэ, Херсонскэ областхэмрэ я щIыналъэхэм зэщIызыгъэу.

РТРС-м телерадионэтынхэр щIыналъэхэм и чэзум ялъэIэсыным гъэлэс къыдейкIыжкъым, атIэ цIыхухэр Интернеткlи иджырей псынщIэрылажьэу зэпыщIэныгъэхэмкIи къызэригъэпэщ, къэзэрымыкIуэ щытыкIэхэм деж радио-хъыбарегъащIэ къалэнхэри егъэзащIэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Гъатхэпэм и 28-м, «Россия» лъэпкъ IуэхущIапIэм къыщызэIуахащ «Большая перемена» урысейпсо зэпеуэм и 7-нэ зэхыхьэр. Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ папщIэ зэпеуэу щыIэм я нэхъ инщ ар.

Я къарур здынэсыр ягъэунэху

●ЩIалэгъуалэ

- ИЛЪЭСИ 6 бэкIам къриубыдэу, мы Iуэхум сабий мелуани 7-м щIигъу хэтащ. Абы и фIыгъэкIэ куэдым я къарур здынэсыныр ягъэунэхуащ, гупым хэту лажьэу, жыжьэу гупсысэу зрагъэсащ. Нэгъабэ пэщIэдзэ «Большая перемена»-р «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ Iуэхум щыщ хъуащ. Ар куэдым гъуазэ, гъэгугъэныгъэ хуохъуу, я лэжьыгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ адэкIэ пхагъэкIыну нэхъ тынщ, нэгъуэщI жылагъуэ зэщIэхъееныгъэхэм жыджэру хэлэжьыныф, - жеIэ ЩIалэгъуалэ Iуэхухэм ехьэлIа къэрал IуэхущIапIэм и унафэщI Гуров Григорий.

СабийхэмрэныбжьыщIэхэмрэ я зыужьыныгъэмкIэ зэпеуэм и мыхьэнэм тепсэлъыхьащ УФ-м щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Петровэ Ольгэ.

- Мы Iуэхур куэдым я дежкIэ япэ лъэбакъуэщ, щIэдзапIэщ, я хузэпсапIэм хузэшыпхьэ лъагъуэщ. ИкIи абыкIэ дэIэпыкъуэгъу къыпхуэхъу гъэсакIуэм, ущиякIуэм, утезыгъэгушхуэ адэ-анэхэм куэд дыдэ елъытащ, - къыхигъэщащ абы.

«Большая перемена» урысейпсо зэпеуэр «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» къыхалъхьа Iуэхущ, мылъкукIэ щIигъэкъуэн яхуэхур ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ къэрал IуэхущIапIэмрэ УФ-м щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ и министерствэмрэщ.

- Къэралыр егъэфIэкIуэным хуэлэжьэну хуейхэм папщIэ къыхалъхьа Iуэхущ мыр. Сабий щIыкIэ абы хэт ягъэзэщIэ хуейщ ди къэкIуэну хэзэплъ хэлъщ. ДэтхэнэмкIи зэфэкI гуэр бгъэдэлъщ дунейм къытохьэ. Мис апхуэдэ ныбжьыщIэ щIэджащIэхэр нэхъ псынщIэу утыку ипшэмэ нэхъыфIщ, - жиIащ Урысейм и Лъэхъуж, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» и унафэщI Орлов Артур.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ ныбжьыщIэхэри жыджэру хэтщ зи гугъу тщIы зэпеуэм. Ди гуапэ зэрыхъунщи, илъэс къэс япэ увыпIэхэр къытхуахь. Псалъэм папщIэ, 6-нэ зэпеуэм хэта, Бахъсэн къалэ округым и 10-нэ курыт еджапIэм и 10-нэ классым щIэса Нэгъуей Риано зэпеуэм и 2-нэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ, КъБКъУ-м и Педагогикэ колледжым щIэс Капрановэ Регинэ текIуэныгъэр къихьри, сом зы мелуан къратащ.

1-7-нэ классхэм щIэсхэр накъыгъэм и 30 пщIондэ зэпеуэм и напэкIуэцIым https://oauth.bolshaya-peremena.online ихьэу зыщагъэтх хъуну сайтыр мэлажьэ. Нэхъыжьхэр Iуэхум мыхьэнэ щыщIыдэзыгъэбыдэ зрагъэхунущ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

Iэпкълъэпкъыр зэхэзыкъута уз

Дуней псор зыгъэгулэзу 2019 гъэм къэунэхуа узыфэ шынагъуэм мыхъумыщIагъэ куэд къытхуздихьащ. Абыхэм ящыщщ «ковидым и лъэужь» зыфIаща щытыкIэр. ЦIыхум узыр пкърыкIыжами, зэманыфI дэкIыжами, зэщхьэщыкIауэ, гукъыдэмыжу, гъащIэр фIэмыIэфIыжу гу лъатащ дохутырхэм.

ЗИ ГУГЪУ тщIы щытыкIэр зэфыкIхэм зэрыжаIэмкIэ, гупсысэ куу гуэрым укIуэцIрыщэтам ещхьщ ар, зыри къыпфIэмыIуэхужу, утегупсысыкIауэ, гъащIэр пфIэмыдахэжу, IэфIыкIэми, щIэщыгъуэми, гуфIэгъуэми уи гукъыдэжыр къимыIэтыжыфу. Узыхуейр зы закъуэщ - зыми уи гугъу къимыщIу, зыри къомыпсалъэу, укъэмытэджу махуэ бжыгъэкIэ ущылъыну. ЗымащIэ тIэкIур уи гум щIыхьэу, укъыщиудыныр напIэзыпIэщ. Жейм е пшагъуэм ухэтым хуэдэу, псори хьарпшэру, зыри къыпхуэмейуэ, зыми фIэгуэныхь умыхъуу къыпщыхъуу ущытщ. Мис апхуэдэхэм деж уи Iейр зытумыгъакIуэу, зыгуэркIэ зыщхьэщыгъэкIыпхъэщ.

«Ковидыр къызэрыспкърыхьэрэ махуищ мэхъу щыжысIэм, ар «си щхьэм зэрипщхьар» къызгурыIуащ - гужьеигъуафIэ сыхъуат. Зэм «солIэ, сыкъевгъэл» жысIэурэ, сыкIийрт, зэми «сызэрылIэр» къысфIэмыIуэхужу, узым сеззэуэнуи, зыкъыIэщIэсхынуи сыхэмытыжыххэу, гугъэр хэсхыжауэ, щытыкIэ хьэлэмэт гуэрым сиувэрт. АдэкIэ, сабиигъуэм згъэзэжауэ, сыкъаруушэу, зысфIэтхьэмыщкIэжу, зыгуэр къызэдэхэщIэну сыхуейуэ сызэрыхъуам гу зылъыстащ. Мис абдеж узыр къызэтумыгъэувыIэмэ, зыгуэркIэ зытумыгъэумэ, гъащIэм зы мыхьэнэ имыIэжу, дунеягъэм щыпщIэн щымыIэу къыпщохъу. Сэри си сымаджэхэми къыдэфыкIащ ар», - жеIэ дохутыр Синявская Ольгэ.

Москва дэт щIэныгъэ институтхэм ящыщ зым и лэжьакIуэ Кирэ (и унэцIэр къримыIуэмэ нэхъ къищтащ) зэрыIуатэмкIэ, ковидыр игъэхъужа куэдейуэ къылъэщIыхьащ вирусым зэтрихуа щытыкIэр: «ЯпэщIыкIэ, уэздыгъэ нэхур къызэхьэлъэкIыу, Iэуэлъауэр си гум темыхуэу сыхъуащ. Абы сигъэгужьеят, жейр сфIэкIуэдат, сымышхэжу сыкъэнат. Гузавэ къыщысщтэпар - сыпсэуну сыхуэмеижу гупсысэ мыфэмыцхэр си щхьэм къызэрихьэр къыщызгурыIуарщ. Пэж дыдэу, сыкъыщылъэту, шынагъуэ гуэр зэсщIэжынкIэ гурыщхъуэ сщIыри, шэнтыр IутIкIэ субыдауэ, сымыутIыпщу сыщысащ тэлайрэ. Си ныбжьэгъу пщащэм сыхуэтхащ, сыдэгуэшащ, щхьэгъусэми жесIащ. Ауэ, си жагъуэ зэрыхъунти, си щхьэгъусэм сыкъыфIэIуэхуакъым. КъызэрыщIэкIыжамкIэ, фэ стеттэкъым апхуэдэ гупсысэ шынагъуэхэр си гум илъу, е депрессие сиIэу. Фэ стемытми, кIуэцIкIэ зысшхыхьыжырт! Абдежым къызгурыIуащ зытезмыгъэумэ, нэщIэбжьэ къызэрыхъунур икIи мастэмрэ цы Iуданэмрэ зездзри, сыкъэмытэджу, лъэпэд сщIыуэ сыхьэтитIкIэ сыщысащ. Ауэрэ, сыкъиутIыпщащ».

Кирэ, дауи, психиатр зригъэплъащ, мыдрейхэми хуэдэу, депрессие иIэу къахутащ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Iэпкълъэпкъым и закъуэ мыхъуу, психикэри зэтрикъутащ дуней псом зыщызыубгъуауэ щыта ковидым. КъытфIэмыIуэхущэу, ди фIэщ мыхъущэу къежьа мы узыфэ шынагъуэр къызэрофыкIыжынур къыпхуэщIэнутэкъым, щIэныгъэлIхэми дохутырхэми нэгъэсауэ яджатэкъым сэфэт бжыгъэншэхэм зэриувэм къыхэкIыу. ИщхьэIуэкIэ дызытепсэлъыхьа щытыкIэхэм къищынэмыщIауэ, ковидым кърикIуэу къыщIэкIащ щыгъупщэхыр, гужьеигъуэр, нэкъыфIэщIхэр, нэгъуэщI куэди.

Москва и терапевтхэм я зэгухьэныгъэм и нэхъыщхьэ Воробьев Павел зэрыжиIэмкIэ, пэж дыдэу, депрессие бжыгъэншэу иджыпсту дохутырхэр зэлэжьыр ковидым къигъэхъея узыфэхэм ящыщщ.

- ЩIэныгъэм и бзэкIэ жыпIэмэ, тромбоваскулит жыхуаIэращ ар. Нэхъ гурыIуэгъуэу жыпIэмэ, ковидыр цIыхум и псантхуэм (нервым) йоуэри, щхьэ куцIым и лэжьэкIэр зэтреху - гупсысэмкIэ, цIыхум дунейр зэрызыхищIэмкIэ, гъащIэр къызэрыгурыIуэмкIэ жэуап зыхь щIыпIэхэр «еубыдри», щхьэм и лэжьэкIэм кIэрохуу. Щхьэр мылажьэмэ, Iэпкълъэпкъми «зегъэлалэ». Сыту жыпIэмэ, Iэпкълъэпкъым зигъэхъеину унафэ къезытыр щхьэ куцIырщ. Аращи, цIыхур къэмытэджу щIыщылъыр, къаруушэ, делэ-мелэ щIэхъуар къагурыIуэркъым унагъуэрысхэм. Уеплъамэ, лажьэ иIэ хуэдэкъым, узи къеузыркъым, ауэ зэпкъролэл. Мыпхуэдэхэм деж терапевтым зэуэ къыхуэмыхутэнкIэ хъунщ сымаджэм и лажьэ дыдэр. Къытезгъэзэжурэфыкъыхузоджэапхуэдэ щытыкIэ иIэу фи благъэ гуэрым гу лъыфтамэ, фемыхъурджауэ, фыщIэмынакIэ, фыщымыдыхьэшх, фемышхыдэ. АтIэ, психиатрым деж фшэ. ЗэвгъащIэ, фигу ивубыдэ, «зыубыд», «лIыгъэ зыхэгъэлъ», «зытумыгъакIуэ» жыфIэкIэ, зыкIи сэбэп фыхуэхъунукъым апхуэдэ сымаджэм. Уи щхьэ куцIыр зыубыда вирусым дауэ узэрыпэлъэщынур псалъэ джафэкIэ?! Ар зыхуэныкъуэр антидепрессант жыхуаIэ хущхъуэ лIэужьыгъуэхэм хуэдэщ. Ауэ фи сымаджэм и анализхэм теухуауэ къезэгъыну хущхъуэр къэзыхутэри зытхри дохутырырщ, - жеIэ Воробьевым.

Зеикъуэ и тхыдэ-щэнхабзэ фэеплъхэр

Илъэс мин бжыгъэ хъуауэ Iуащхьэмахуэ лъапэ къыщежьэ Бахъсэныжьыр Iэуэлъауэу йожэхри, пхрож Зеикъуэ. Абы лъандэрэ псым и Iэгъуэблагъэм зихъуэж зэпыту къокIуэкI. Мы псыр псалъэу щытамэ, къекIуэкIа псом, IуэрыIуатэ и закъуэ мыхъуу, щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ куэдым щыхьэт техъуэфыну къыщIэкIынт. Дауи, мыбы гъэщIэгъуэну дэлъар мащIэкъым, лIэщIыгъуэкIэрэ цIыхухэр щисакIэ мы щIыналъэм.

ЗЕИКЪУЭ фIэщыгъэр къуажэцIэ зэрыхъужрэ куэд щIакъым. Илъэсищэм щхьэдэха къудейщ. Абы ипэ къихуэу мы Iэхэлъахэм щызэбгрыпхъауэ бгыщхьэм исащ Думэныкъуейр, Хьэмгъурокъуейр, Къэзанокъуейр, Бжьахъуэкъуейр, Борейр, Хьэтыкъуейр, ПщыцIыкIуейр. Ахэр псори ХьэтIохъущокъуэпщым и жылэт. Бгылъэ защIэкIэ ущызекIуэ мэхъу мы щIыпIэм, псынэр щыгъунэжщ. Къуажэзэхуэхус нэужьым бгылъэм кърагъэкIри, псыхъуэм дагъэтIысхьащ цIыхухэр. Зейр гъунэжу къыщыкI къуэхэм языхэзым и цIэр - Зеикъуэр, жылэцIэу иратыжащ абыхэм.

Мы Iэхэлъахэм цIыху сыт щыгъуи зэрисам и щыхьэт нэсщ къуажэм узэрыдэкIыу шытх ирикIуэм ижьырабгъукIэ къытет Нартыкхъэр. Апхуэдэущ ар къуажэдэсхэм зэрацIыхур. Ауэ археологхэм «Зеикъуэ ещанэ» жаIэ къуажэм и щIы кIапэ илъ кхъэхалъэхэм я бжыгъэм теухуауэ. 2014 гъэ лъандэрэ археолог гуп щолажьэ Нартыкхъэм - ТхыдэмкIэ Москва дэт къэрал музеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтымрэ я лэжьакIуэхэр зэщIыгъущ. Нобэр къыздэсми ядж. Зэраджам теухуауи наIуэ къащIащ мы кхъэлъахэм илъэс 2700-рэ зэриныбжьыр, а лъэхъэнэм къриубыдэуи мыбдеж культурэ зэхуэмыдэхэр зэрыщызэблэкIар.

Ахэр утыку къизыхьауэ щытар 1954 гъэм ди институтым щылэжьа алыдж щIалэ Пан Акритасщ. «200-м нэс кхъэуэ итщ мы щIыпIэм. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэрыщыту яхъунщIащ», - жиIэри, и къэхутэныгъэхэм трихa сурэтхэр щыхьэту къигъэуващ щытащ абы.

Куэд щIауэ яхъунщIэ кхъэхалъэщ мыр, къызэрыщIэкIымкIэ. Нобэр къыздэсми яхуэмыух. ЛъапIэу ибгъэкI хъун гуэр къалъыхъуэ хъунщIакIуэхэм. Уасэ зимыIэхэм зыкIи елIалIэркъым. Псалъэ папщIэ, къупщхьэхэм...

Археологхэм къатIэщI псори ядж. Яджа нэужьи, къупщхьэхэр къыздыщIахам щыщIалъхьэж зэгъэзэхуэжауэ. ЦIыху хьэдэкъупщхьэм къыдэкIуэу, языныкъуэ кхъэлэгъунэхэм я ихьэпIэм деж шы къупщхьэхэри къыщагъуэт. ИхьэпIэм Iуагъэува мывэр къызэрыIуахыу, япэу шыр къыщIэщырт, адэкIэ ар зеяр, хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэри и гъусэу щIэлът.

Археологхэм къатIэщIа хьэпшыпхэр ТхыдэмкIэ Москва дэт къэрал музейм и хъумапIэм яшащ. Эрмитажым ирагъэхьаи щыIэщ. Домбеякъым, гъущIым, ятIагъуэ гъэжьам къыхэщIыкIа хьэпшыпщ нэхъыбэу къыщIахыр. Ауэ дыщэми обсидиан мывэми къыхэщIыкIа къыщагъуэтаи щыIэщ. ЩIым нэхъ щIэкIуэдар гъущIырщ: фIэIурышэр зэрылъэIэсу мэлъалъэ. Нэхъ къызэтенэр ятIагъуэ гъэжьам къыхэщIыкIахэрщ.

Пшахъуалъэщ Нартыкхъэ щыгур. Шытх екIуэкIыр зэрыщыту апхуэдэщ. Къапщтэмэ, археологхэм ямызакъуэу, геологхэми, палеонтологхэми орнитологхэми гъэщIэгъуэн ящыхъун щIыпIэщ мыр. Хуабжьу щыжьапщэщ мыбдеж, ауэ абы щхьэкIэ къэмынэу, Нартыкхъэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэр бзу гъуэлъхьапIэщ. Пшахъуалъэм къыхащIыкIа абгъуэхэр щыхупIэ задэм кIэрытщ.

Гухэхъуэщ щыгум уитыныр. Дунейри мамырщ. Ауэ апхуэдэу сыт щыгъуи щытакъым мыбдеж, археологхэм зэрыжаIэмкIэ. Нартыкхъэ щыгум и нэзым и щIыкIэр абы и щыхьэтщ. ЗэрыIэрыщIри гурыIуэгъуэ дыдэщ. Кобан культурэр къэзыгъэщIа лъэпкъхэм яIа псэукIэм и щыхьэтщ мы щIыпIэм и щIыкIэр. Лъэпкъ Iэпхъуэшапхъуэтэкъым ахэр. ПсэупIэу къыхахри езы щIыуэпсым быдапIэ папщIэу ищIа щIыпIэт, екIуэлIапIэ имыIэу. Пэнтх дыдэм и закъуэтэкъым я тIысыпIэри... Абы къыпылъ щIы кIапэри псэупIэт. Я лIахэри гъунэгъуу щыщIалъхьэжырт.

Бахъсэн, Гундэлэн псыхэм я зэхэлъэдапIэм и Iэгъуэблагъэм къилъ щIым мыхьэнэшхуэ иIэщ. Тхыдэ и лъэныкъуэкIэ гъэщIэгъуэн пщыхъун куэд илъщ мыбдежи. Нартыкхъэ щыгум укъиту укъеплъыхмэ, уолъагъу Iуащхьэбын - ди япэ итахэм я зэгъэжыпIэр. Нартыкхъэм елъытауэ, мыхэр фIыуэ нэхъ кIасэщ. Я бжыгъэкIи куэд дыдэ мэхъу, Iуащхьэр зыхузэтратхъуэжам елъытауи, я инагъкIэ зэщхьэщокI.

Ноби Iуащхьэхэр хуэм-хуэмурэ Iуах, ямыдж щIыкIэ. И щхьэм телъ мывэхэр къытрадзри, зэхэтхъуахэр захуэ, щIым щыщ ящIыж. А щIыпIэм илъ мывэхэр абы и щыхьэтщ. НэхъапэIуэкIэ мыхэр мин бжыгъэ хъууэ щытауэ ятхыж. Къыхэгъэщыпхъэщи, Iуащхьэхэр я лъагагъ теухуауэ зэхуэмыдэ щхьэкIэ, я щIыкIэр зэщхьщ.

Iуащхьэбыным къадэкIуэу Бахъсэныжьрэ Гундэлэнрэ щызэхэхуэжым и Iэгъуэблагъэм итщ сынитI, нэгъуэщI зыи уауэ щылъщ, щIым хокIуэдэжри. Зызэман иджыри зыгуэрхэр зэритар нэрылъагъущ щIым пIэ къинамкIэ. Абы щыхьэт тохъуэ Урысейм къулыкъу щызыщIа нэмыцэ щIэныгъэлI Пеллас Пётр итхыжахэр. Палас къыхигъэщат кхъуэнэкхъэ щIыныр адыгэхэм я хабзэу зэрыщымытар, ауэ абы щIэлъхэр зэрыадыгэр. Кхъащхьэ сынхэр ибжакъым, куэд зэрыхъур къыхигъэща мыхъумэ. Зи блынджабэхэр хуабжьу Iув чэщанэхэр зэритари етх, лъэбакъуэ тIощI-тIощI я кум дэлъу, щIыхьэпIэр щхьэгъубжэ папщIэу къищIыкIауэ, щхьэгъубжащхьэр плъыжьу иIэжауэ. Зэман зэримыIам къыхэкIыу, я сурэтхэр ищIакъым. ИужькIэ Урысейм щылэжьа нэмыцэ сурэтыщI Гейслер Кристиан ХьэтIохъущокъуэхэ я кхъэжьым и сурэт ищIащ.

Илъэс 70 дэкIри - 1867 гъэм - археолог Нарышкин Николай илъэгъуа псори щитхыжыгъа лэжьыгъэм къыщыхигъэщащ мы щIыпIэм кхъащхьэ сын куэд зэритар, зи щхьэгъубжэхэр МэчэмкIэ гъэза чэщанэхэри щIыгъуу. Абыхэм хьэрыпыбзэкIэ тетхат 18-нэ лIэщIыгъуэм икухэм зэращIар. Археологие и лIэныкъуэкIэ гъэщIэгъуэнагъ зэрыхимылъагъуэм къыхэкIыу, сурэт трихын хуейуи къилъытакъым. Илъэс 20 дэкIри, археолог Долбежев Василий тригъэзащ а щIыпIэм. КъуапиплI чэщанэм хьэрып илъэс къэбжыкIэм тещIыхьауэ 1122 гъэм зэращIар тетащ. Ар ди нобэрей илъэс къэбжыкIэкIэ 1710 гъэм хокIуэ. А гъэ дыдэм ящIауэ, ауэ ныкъуэкъутэу иджыри чэщанэ зыбжанэ щытащ. Абыхэм языхэзым 1211 гъэр къытощ - ди нобэрей илъэс къэбжыкIэмкIэ - 1796 гъэ. Дэтхэнэ чэщанэми хьэрыпыбзэкIэ тхыгъэ гуэр тетащ, зэхэпхыжынкIэ Iэмал имыIэу.

1928 гъэм Зеикъуэ къагъэкIуэгъауэ щыта археолог Ермоленкэ М.И. чэщанэхэм кърихьэлIэжакъым. ХьэрыпыбзэкIэ зыгуэрхэр зытетха кхъащхьэ сынхэм фIэкIа а зэманым мы щIыпIэм къинэжаIатэкъым.

Ди щIы кIапэ къихьа археологыу хъуам «мобдей мор щытщ, мыбдей мыр щыIэщ» - жаIэу, ялъагъур ятхыжа мыхъумэ, сыт и щхьэусыгъуэми, еувалIэу нэсу яджа щIагъуэ щыIэкъым. Яджын хуейуэ апхуэдэ къалэн я пщэ къыщыдэхуари блэкIа лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэрщ - профессор Миллер я пашэу, къэрал академием и лэжьакIуэ зыбжанэ щыIащ ди республикэм. Апхуэдэу Анисимов Сергей 1929 гъэм тетхыхьыжащ ХьэтIохъущокъуэхэ я тIысыпIэжьым къинэжахэм. Абы и гугъу ещI нобэрей Гундэлэным и Iэгъуэблагъэм ита, Къэзанокъуэ Жэбагъы и кхъащхьэ сынми, ар абдеж ирахыу Налшык зэрахьами. Ноби «Псэ жыг» фэеплъым ибгъукIэ къыщытщ Къэзанокъуэ Жэбагъырэ абы и щхьэгъусэмрэ я кхъащхьэ сынхэр. Сыным тетщ: «Мыр зейр дунейм ехыжа Хьэжы Жэбагъы Къэзанокъуэщ. Алыхьым и нэфIыр тIуми къащыхуэ. ФатIихьэм тIуми факъыхуеджэ. 1163 гъэ». Нобэ дызытет гъэ къэбжыкIэмкIэ 1749 - 1750 гъэхэм я кум хуозэ а зэманыр. Сыным ибгъукIэ Къэзанокъуэ Жэбагъы и лъэпкъ дамыгъэр тетщ.

Сыныр къыздраша щIыпIэм зэреджэр Къэзанокъуейщ - Жэбагъы и псэупIэу щытарщ. Бахъсэнрэ Гундэлэнрэ я зэхэхуапIэм и сэмэгурабгъуу къыщыт бгы хужьым и щхьэкIэ къыщыIэ щIыр хеубыдэ абы.

Хъумэн хуейуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и культурэ щIэинхэм хабжэу Урысей Федерацэм и къэрал реестрым храгъэубыда фэеплъхэм ящыщщ археологие и лъэныкъуэкIэ зи гугъу тщIа псори. ГъэщIэгъуэныракъэ, гу зэрылъыфтащи, абы къигъэувыIи щыIэкъым.

Къэзымыгъэззэжыныу тIэщIэкIар куэд мэхъу. Хэку зауэшхуэ екIуэкIам и фэеплъу Зеикъуэ дэтхэр къуажэ администрацэм и нэIэ щIэтщи, абыхэм гулъытэ гуэр ягъуэт. Ауэ нэхъ пасэу ящIауэ, ди япэ итахэм я щIэину ямыгъэкIуэду ирагъэфIэкIуэжауэ, хамыгъэкIуэдэжауэ Зеикъуэ зыри щыIэкъым. Ауэ щыхъукIи мыхэр ди тхыдэщ. Ди блэкIар зэрыдджыжыну диIэхэм я зы IыхьэфIщ. Дымыхъумэмэ, дымыджмэ, абыхэм ящIыгъуу ди тхыдэм и Iыхьэ доху.



Къандур Мухьэдин и гупсысэхэм поджэж

Налшык, Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм, къыщыдэкIащ Къандур Мухьэдин и фэеплъу екIуэкIа «Открытая книга» дунейпсо литературэ зэпеуэм щытекIуахэм я тхыгъэхэр щызэхуэхьэса «Свет искренности и доброты» тхылъыр. Ар къыдэкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуащ УФ-м и Президент грантхэм я фондыр. КъыдэкIыгъуэм ихуащ ХьэкIуащэ Мадинэ, Багъ Марьям, НэщIэпыджэ Замирэ, Дербэ Тимур, Сташ Заремэ, Аллало Хьэсэн, Щауэ Ибрэхьим, Къумахуэ Аслъэн, Умар Анзор, Чырбыж (ГъукIэкъул) Иринэ, ПщыукI Дисанэ, Абыдэ Iэсият, Гугъуэт Заремэ, Магомедов Аслъэн сымэ я IэдакъэщIэкIхэр. «Тхылъыр литературэ Iуэхугъуэшхуэ хъуам къыщымынэу, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я щэнхабзэхэм, лIакъуэхэм, гъащIэ гъуэгухэм я зэблэкIыпIэ - зэрыщIапIэ хъуащ. Абы зы утыкушхуэм къришащ къэрал куэдым щыщ тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ. Зэщхьу абыхэм я IэдакъэщIэкIхэм хэтыр сыт жыпIэмэ, тхакIуэ, философ, адыгэлI Къандур Мухьэдин и тхыгъэшхуэхэм къыщигъэлъэгъуа гупсысэхэм зэрапэджэжырщ», - Бэлагъы-Къандур Любэ мыпхуэдэу щетх тхылъым ухэзыгъэгъуазэм. Ар къыдэгъэкIыным хуэзыгъэхьэзырари, зэпеуэр зи жэрдэмри Любэщ.

ТХЫЛЪЫМ ит рассказхэм, усэхэм, поэмэхэм, нэгъуэщI тхыгъэ жанрхэм я мыхьэнэр дгъэбелджылыуэ, дыхуейщ тхыгъэхэм ятеухуауэ «Открытая книга» зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым хэта, тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, журналист Мэремкъул Ларисэ итхар къэдгъэлъагъуэну. Ар Iыхьэ щхьэхуэу тхылъым итщ:

- «Открытая книга» зэпеуэм Кавказ псор зэкъуигъэуващ си гугъэщ. Мыбы хэт лэжьыгъэхэр кърагъэхащ Адыгейм, КъШР-м, КъБР-м, Шэшэным, Ингушым, Сочэ, Ростов... Зэпеуэм дыщрихьэлIэжащ зи тхыгъэхэмкIэ тцIыху тхакIуэхэм, усакIуэхэм, зи тхыгъэ ди щыпэлъагъухэри къэтцIыхуащ.

Зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым набдзэгубдзаплъэу щIэдджыкIащ тхыгъэхэр. НэхъапэкIэ сымыщIауэ къэсцIыхуа тхакIуэщ «Мэхьмуд къалэм зэрыкIуар» рассказ хьэлэмэтыр къезыгъэхьа Щауэ Ибрэхьим. Адыгейм щыщ тхакIуэ Стащ Заремэ кърикъэхьащ и бзэкIи и гупсысэкIи лъэщ тхыгъэхэр. Гугъуэт Заремэ тегушхуауэ зыкъыщигъэлъэгъуащ зэпеуэм и IыхьитIым (усыгъэмрэ зэдзэкIынымрэ) - тIури къехъулIащ. МэшбащIэ Исхьэкъ и романыр зэридзэкIыным фIы дыдэу пэлъэщащ журналист НэщIэпыджэ Замирэ. КъэпщытакIуэхэм ди гум дыхьащ Адыгейм щыщ Аллало Хьэсэн и поэмэр. Дербэ Тимур и тхыгъэр кърикъэхьа нэужь, къыдгурыIуащ зэпеуэм Iыхьэ щхьэхуэу драматургиер хэтын зэрыхуейр. Къумахуэ Аслъэн и гъуэгуанэ тхыгъэхэм дыкъеджа нэужьщ, абы «Публицистикэ» Iыхьэр щыхэдгъэхьэжари. Хуабагъэ хэтлъэгъуащ Багъ Марьям и рассказ кIэщIхэм. Художественнэ тхыгъэ япэу зытха ныбжьыщIэхэу ПщыукI Дисанэрэ Магаметов Аслъэнрэ я лэжьыгъэхэм арэзы укъищIу нэщIысати, куэд щIауэ къалэмыр зыIэщIэлъхэм япеуэфащ. Зэпеуэм кърагъэхьа дэтхэнэ лэжьыгъэми гу зылъытапхъэхэр къыхэдгъэщащ, псори къедмыбжэкIми. ИтIани, тIу къахэзгъэщынут: Андреевэ Ольгэ Дон Iус (Ростов) и усэхэмрэ ХьэщIэмыз Маринэ (Адыгей) и «Два мира» романым щыщ пычыгъуэмрэ. А тIум я IэдакъэщIэкIхэр мы тхылъым ихуакъым, ауэ шэч къытесхьэркъым, я цIэр иджыри мызэ-мытIэу зэрызэхэтхынум.

ХьэкIуащэ Мадинэ и «Насып лъахэ» романым щыщ пычыгъуэр къэпщытакIуэхэм апхуэдизу ди гум дыхьати, увыпIэ нэхъ лъагэ дыдэр абы лъыдгъэсащ. Зэпеуэм кърагъэхьа тхыгъэ нэхъыфIхэр щызэхуэхьэсащ мы тхылъым.

Хэкум, адэжь щIыналъэм, адыгэ лъэпкъым и шыфэлIыфэм, хабзэ-нэмысым, адыгэм ди цIыху хэтыкIэм, щIыуэпсым къуэпс быдэкIэ дызэрыпыщIам, ди зыIыгъыкIэм - гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым лъэIэс тхыгъэхэр итщ дызытепсэлъыхь тхылъым. Нэхъыщхьэращи, жанр зэхуэмыдэхэмкIэ гъэпса тхыгъэхэм къахощ Хэкум и джэ макъи, лъэпкъым и теплъи. Хэт бзэр дахэу зэригъэшэрыуэмкIэ укъехьэху, хэт лъэпкъ тхыдэм фIыуэ зэрыхищIыкIымкIэ зыкъыхегъэщ, хэт щIыуэпсым и хабзэм зэриригъуазэр богъэщIагъуэ, хэт гухэлъымрэ Хэкумрэ псалъэ къыхэщыпыкIахэмкIэ зэпещIэ, хэт сабиигъуэм хуоплъэкIыж, хэти художественнэ псалъэкIэ дунейм сурэт щIетхыкI. ЖыпIэнурамэ, и щIэныгъи, гупсыси, гъащIи адыгэ лъэпкъым и къэкIуэнум тегъэпсыхьауэ дунейм тета Къандур Мухьэдин и щIыхьым хуэфащэн защIэщ жанр зэхуэмыдэхэмкIэ гъэпса тхыгъэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм щыщхэр къыщагъэлъэгъуа тхылъым уеджэну щIэщыгъуэщ, сыту жыпIэмэ тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ гупсысэ гъэщIэгъуэнхэр къагъэлъагъуэ, гъащIэм къигъэув упщIэ куэдым жэуапу къахуэпхь хъуну псалъэхэр къахыбогъуатэ. ГъэщIэгъуэнщ, псалъэм папщIэ, цIыху къэс «Хэку» псалъэм езыр зыщыгъуазэ мыхьэнэ зэрыщIилъхьэр. Зым и дежкIэ Хэкур адэжь щIыналъэщ, нэгъуэщIым - ар сабиигъуэ лъахэу зыхещIэ, хэти Хэку хъужыр фIыуэ тлъагъу цIыхухэрауэ къелъытэ.

Ди гугъэщ художественнэ тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъыр щIыналъэ куэдым щыщIаджыкIыну, щапхъэу къыщагъэлъэгъуэну.

Тхыгъэри сурэтри **ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ** *ейщ.*

Уэсмэн пащтыхьыгъуэр къызэрыунэхуар

VI лIэщIыгъуэм ирихьэлIэу, тырку зауэлI лъэпкъхэм къагурыIуащ, шым зрадзу, зыщыпсэу щIыпIэхэр ябгынэну и чэзу зэрыхъуар. Нэр здынэплъысым адрыщIкIэ щыIэ щIыналъэхэр къэзэуным, тырку щIэблэм щIыгум зытрегъэубгъуэным и зэман къэсат.

АБЫХЭМ псэкIэ зыхащIэм хуэдэт къэралыгъуэ нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ зэраухуэфынур. Азие Курытымрэ КъуэкIыпIэ ЕвропэмкIэ къэIэпхъуэху тырку лъэпкъхэр ирихьэлIащ фIэщхъуныгъэ зэхуэмыдэхэм: буддизм, иудаизм, чыристан дин, ауэ абыхэм къащтар муслъымэныгъэрщ. Ар тыркухэм ягу нэхъ дыхьат, я дуней тетыкIэмрэ я хьэл-щэнымрэ нэхъ къезэгъырт. Лъэпкъ псом гъуазэ яхуэхъуа хъуэпсапIэм хуэлажьэрт дэтхэнэри: упщIэлейрэ «хьэуэрэ» къыхэмыкIыу, къыхуащIыр я унафэрэ, ар ягъэзэщIэн папщIэ я псэр яту, я къарур диным щIигъэхуабжьэу къэунэхуащ дзэ мыхэ лъэпкъ. Муслъымэныгъэм игъэщIэращIэрт абыхэм я дунеягъэр, ауэ нэхъыфIыжрэ нэхъ дахэжрэ хьэдрыхэ къащежьэу, гъащIэм щагъэхъа IуэхуфIхэм къыпэкIуэж хъугъуэфIыгъуэ абы къащыпэплъэу я фIэщ хъурти, зауэлI губгъуэм иту кIуэдыжыныр щIыхьышхуэу къалъытэрт тыркухэм.

Ислъам диныр ягу-я псэм дыхьэу къэзыщта тырку зауэлIхэр зыгъэпсэур IуэхугъуитIт: къазэу щIыналъэхэмрэ фIэщхъуныгъэмрэ. Ауэрэ тыркухэр тепщэ щыхъуащ Персием, Месопотамием, Щамым, Анадолэм. ГъэщIэгъуэныракъэ, тыркухэм къахьэху лъэпкъыжьхэм яфIэтелъыджэт я хэкур зыубыда зауэлIхэм я хахуагъэр, зэрызэкъуэтыр, я зэхуэдэ Iуэхум зэрыхуэпэжыр (Льюис Рафаэлэ и «Османская Турция. Быт, Религия, культура» тхылъым зэритымкIэ).

КъуэкIыпIэ чыристан диным и лъэр щIэмыхуамэ, тыркухэм я гъунапкъэхэми зиубгъуну къыщIэкIынтэкъым... Константинополь зи къалащхьэ Урым пащтыхьыгъуэм и ужьыхыгъуэр къызэрысар зыхэзыщIа, зи Iуэху нэхъ дэкIыу утыкум къиджэрэза венецианхэм, генуэзхэм, тыркухэм я IутIыжыр къэсат. ЕплIанэ чыристан зекIуэшхуэр зэфIэкIа, Константинополь яхъунщIэу зэхакъута нэужь гурыIуэгъуэ хъуат Урым католическэ тхьэунэмрэ Алыдж православнэмрэ я зэхуаку щыхупIэ задэ къызэрыдэувар, зэбий зэрыхъуар. Япэр Папэм и телъхьэт, етIуанэр - пащтыхьым. Ар бийм и тIасхъапIэу къалъытэри, муслъымэн КъуэкIыпIэмкIэ къыщыунэхуа тыркудзэм ягурэ я щхьэрэ зэтелъу къызэрехьэжьащ, дунеижьыр яубыдыну, къэралыгъуэщIэ яухуэну я мураду. Ахэр къызэрыхьырт, къызэтезыгъэувыIэни щыIэтэкъым.

Тыркухэр лъэпкъ зыбжанэу зэхэтт. Нэхъ лъэрызехьэ дыдэри сельджукхэрат. Абыхэм я щIыналъэм ис чыристан зауэлIхэр зэтраукIэщ, муслъымэн Азиер зэрагъэубыдри, пэрыт лъэпкъыу къызэрехьэжьат. Апхуэдэу, сельджукхэм пащтыхьыгъуэ лъэщ къызэрагъэпэщри, 1037-1300 гъэхэм къриубыдэу тепщэгъуэр яIыгъащ. Абыхэм я щIым хиубыдэрт хы Курытымрэ Афганистанымрэ я зэхуаку дэлъ щIыналъэр. ИкIэм-икIэжым, монгол зэрыпхъуакIуэхэр уэру къатеуэ щыхъум, захуэмыIыгъыжу я лъэр щIэхуащ сельджукхэм. Я хабзи, щыIэкIэпсэукIи, къэралыгъуи, уэсэпсым хуэдэу кIуэдыжащ.

Лъэрытету къэнар, монгол зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэтыфыр зи къарум къигъэгугъэ нэгъуэщI тырку лъэпкъхэрт. Абыхэм яхэтт зауэлI хъыжьэхэр, изыгъэкIуэтын щымыIэу. А зауэлI лIакъуэу къэунэхуахэм зэреджэр гъазийт. Ахэр зэи я пIэ истэкъым, куэдри зы щIыпIэм къыщызэтеувыIэртэкъым, атIэ щIыналъэщIэ къахьэхуа нэужь адэкIэ Iэпхъуэу, нэхъыбэж зэраубыдыным щIэхъуэпсу кIуатэурэ, а зауэлI телъыджэхэм къызэрагъэпэщат хъарыгъуэ щхьэхуэ. Абыхэм ящыщт Эртугрул, Уэсмэн пащтыхьыгъуэр зыухуа Уэсмэн Гъазий и адэр. Эртугрул зэрихьа лIыгъэм теухуа хъыбархэр нобэм къахьэсащ тыркухэм.

Тырку унагъуэ цIэрыIуэм къыхэкIа Эртугрул дзэзешэр зауэлI 400-м я пашэу нэсри, биидзэм къыIэщIихауэ щытащ урым сельджукхэм я сулътIан Кайкобад Алауддиныр. Абы папщIэ, фIыщIэ къыхуищIу, сулътIаным Эртугрул кърита Византиемрэ ищхъэрэ-къухьэпIэ тыркухэмрэ я зэпылъыпIэм дэлъ щIыналъэр. Эртугрул пщэрылъ къыщащIат сулътIаным и щIыр ихъумэну, икIи апхуэдэ Iэмал иIэмэ, тырку щIыналъэм зригъэубгъуну. Эртугрул хузэфIэкI къимыгъэнами, аслъэным хуэдэу зауэ губгъуэм итами, сельджукхэм зыкIи сэбэп уахуэхъужыфынутэкъым - ахэр щыхупIэ дыдэм щхьэщытт. Абыхэм я къарур кIуэщIырт, дыгъэм игъэжэбза мыл кIанэм хуэдэу: Азие ЦIыкIум къебгъэрыкIуа монголыдзэм игъэбауэртэкъым, тын къытралъхьами зригъэIэтыртэкъым.

Ауэрэ, XIII лIэщIыгъуэм бжьыпэр яубыдащ нэгъуэщI тырку лъэпкъхэм. Абыхэм ящыщт Эртугрул и къуэ нэхъыщIэ Уэсмэн. Абы къыхуэнат и адэм къиихьэхуа, Византием къыIэщIиха щIыналъэхэмрэ къыщIэна тетыгъуэмрэ. 1281 гъэм бжьыпэр зыубыда Уэсмэн зэман кIэщIкIэ сельджукхэм я унафэм къыщIэкIащ икIи 1299 гъэм щхьэхуэ хъуащ. ТхыдэджхэмабдежужаIэ Уэсмэн къэралыгъуэм и жылэр щыхэкIар. Сельджук пащтыхьыгъуэ щэщэжам къыщIэна щIыналъэ щхьэхуэ цIыкIуу къежьами, Уэсмэн иригъэкIуэкIа зауэ политикэм кърикIуар нэрылъагъущ - абы къызэригъэпэща къэралыгъуэр илъэс 600-кIэ дунейм тетащ, кIуэ пэтми зиубгъуу, зиужьу, къыпэлъэщыни щымыIэу.

Уэсмэн Гъазий и къуэ, тетыгъуэр зыIэрыхьа Орхъан Уэсмэн къэралыгъуэм и япэ сулътIану ябж. Абы тырку ахъшэ къыдигъэкIырт, дзэшхуэ къызэригъэпэщат, и зы псалъэкIи зауэлI мин бжыгъэхэр зэман кIэщIым къриубыдэу хьэзыру къэувыну апхуэдэт.

Орхъан и адэшхуэ Эртугрул щетIысэха гъунапкъэхэр щIыпIэ шынагъуэт, зэхэуэхэр зэи увыIэртэкъым. Абы тырку зауэлIхэр нэхъ быдэ ищIа хуэдэт. Орхъан и тетыгъуэм ирихьэлIэу византие жылэхэр щэщэжат. Тхыдэджхэм зэрыжаIэмкIэ, абдеж, XIII-XIV лIэщIыгъуэхэм, Балкан хытIыгуныкъуэр убыдын зэрыхуейр къагурыIуащ тыркухэм. Бийр езыр-езыру зэзэуэжырт, унафэщIхэмрэ фIэщхъуныгъэм и телъхьэхэмрэ зэгурыIуэжыртэкъым. Ауэ щыхъум тыркухэм хытIыгуныкъуэр яхьэхури, щIыр мэкъумэшыщIэхэм иратыжащ. Джатэдэпщым къыIэщIаха, зи нэ къэплъэжа цIыху къызэрыгуэкIхэм яIэфIыпсу тыркухэм я жьауэ щIэуващ.

Къыхэгъэщыпхъэщ Орхъан Гъазий бжьыпэр иIыгъыху Уэсмэн къэралыгъуэм и гъунапкъэхэм зэрызригъэубгъуар, зэрызригъэужьар.

Европэр зэрыкъулейм къищынэмыщIауэ, зэрызэкъуэмытыр тыркухэм къащыгурыIуэм нэхъри тегуплIэри, Фракиемрэ Балканхэмрэ яубыдащ. XIV лIэщIыгъуэм и кIэм ирихьэлIэу Уэсмэн къэралыгъуэм и унафэм щIэтт Европэм и нэхъыбэр.

Апхуэдэу щыIащ а пащтыхьыгъуэ телъыджэр - зым къыкIэлъыкIуэу адрей зауэр яублэу, лIыгъэр я гъуазэу, диныр я лъагъуэу...

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ФЫРЭ Анфисэщ**.

Иджы МАХ-ми дыкъыщывгъуэтынущ

Ди газетыр иджы МАХ-ми къыщывгъуэтыфынущ. Апхуэдэ IэмалкIи зэпыщIауэ дызэрыщытынум дыщогуфIыкI. Фэ япэу къэфщIэфынущ щIыналъэ хъыбар нэхъыщхьэхэр, гъэщIэгъуэнхэр.

Ди каналым фыкъыхыхьэкIэрэ, фэ ящыщ фохъу лъахэм къыщекIуэкI Iуэхухэм жыджэру хэт цIыхухэм. Ди каналым Iэ тевдзэну фыхуеймэ, фи телефонхэм я камерэхэр мы QR-кодым тевгъапси, адэкIэ къридзэну ссылкэм тефкъузэ.

Ди гуапэщ нэхъри гъунэгъуу зэпыщIа дызэрыхъунур!

● Нобэ Сабий тхылъым и дунейпсо махуэщ

Тхыгъэ купщIафIэхэмрэ сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэмрэ

Сабий тхылъым и дунейпсо махуэр илъэс къэс ягъэлъапIэ Данием щыщ псысэрытх цIэрыIуэ Андерсен Ганс Христиан къыщалъхуам - мэлыжьыхьым и 2-м - ирихьэлIэу. Ар 1967 гъэм игъэувауэ щытащ Сабий тхылъымкIэ дунейпсо советым, нэмыцэ тхакIуэ Лепман Иелле къыхилъхьэри.

1658 ГЪЭМ Чехием щыщ дин лэжьакIуэ икIи егъэджакIуэ Коменский Я. А. и къалэмыпэм къыщIэкIат сурэт зэрыт япэ тхылъыр - латиныбзэкIэ тха учебник ар, гравюрэкIэ гъэщIэрэщIауэ. 17-нэ лIэщIыгъуэм и кIуэцIкIэ сабийхэр нэхъыбэу зрагъэджар Библиеращ, цIыкIухэм хухэха, диныр зи лъабжьэ нэгъуэщI лэжьыгъэхэр дунейм къытехьэ пэтми.

18-нэ лIэщIыгъуэм цIыкIухэм Iэмал яIэ хъуащ нэхъ дэзыхьэх тхылъхэр къыхахыну. Сабийхэр егбгъэджэну уасэ иIэтэкъым Дефо Даниэль и «Робинзон Крузо» (1719), Свифт Джонатан и «Путешествие Гулливера» (1726) романхэм. Апхуэдэуи а зэманым сабийхэри балигъхэри дахьэхырт Iуэрыluэтэр зи къежьапIэ хъыбархэм, таурыхъхэм, балладэхэм. КъуэкIыпIэ таурыхъхэр щызэхуэхьэса «Занимательные арабские ночи» тхылъым хыхьат «Алладин», «Али-Баба и сорок разбойников», «Семь путешествий Синдбада-Морехода» псысэхэр. Сабийхэм папщIэ тхылъ къыдэгъэкIыным и зы зэману уващ Ньюбери Д. и «Карманная книжица» 1744 гъэм дунейм къытехьар.

19-нэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм къыдэкIащ Гримм зэкъуэшхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа нэмыцэ цIыхубэ таурыхъ гъуэзэджэхэр; нобэми ахэр цIыкIухэм зэрафIэгъэщIэгъуэныр, зэращIэщыгъуэр къэплъытэмэ, сабийхэм я дежкIэ саугъэт лъапIэ зэрыхъуам шэч хэлъкъым. Данием щыщ Андерсен Христиан цIыхубэ таурыхъхэм хэлэжьыхьыжырт, езым ейхэри итхырт. 1846 гъэм абы инджылызыбзэкIэ тридза «Гадкий утёнок», «Русалочка» таурыхъхэр занщIэу сабийхэм ягу дыхьат.

Адыгэ лъэпкъми иIэщ узэрыгушхуэн сабий усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ. ЛIэщIыгъуэ зыбжанэ ипэкIэ узэIэбэкIыжу къыпхуэбжын хуэдэ тхыдэшхуэ имыIэми, ди сабийхэр зыщыгуфIыкI тхыгъэхэр зытхахэр, ягу ирихьу гукIэ зрагъэащIэ усэхэр зи къалэмыпэм къыщIэкIахэр щыIэщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, АфIэунэ Лиуан, Нало Заур, Щоджэн Леонид, ХьэцIыкIу Хьэсэн, Хьэту Пётр, Джэрыджэ Арсен, Мэз Аниуар, Хьэщыкъуей Олег, Жырыкъ Заур сымэ, нэгъуэщIхэри. Зи цIэ къисIуахэм яIэщ усэхэри, рассказхэри, таурыхъхэри, пьесэ цIыкIухэри.

Бзэ и лъэныкъуэкIэ зыхуей хуэзэу тха сабий усэхэм, рассказхэм, таурыхъхэм хуэкIуэ сурэт гъэщIэгъуэнхэр абыхэм яхуэзыщIхэри диIэщ. Ди хъуэпсапIэщ, тхылъ щапIэхэм я дапхъэм темылъу ахэр зэбграхыу, я бынхэм адыгэбзэр къаIурыщэщрэ тхылъ цIыкIухэр щIаджыкIыу тлъагъуну. Абы щхьэкIэ Iэмал имыIэу зэгъэхъулIэн хуейхэм ящыщу къыдолъытэ тхылъхэр къопсэлъэным хуэдэу щхъуэкIэплъыкIэу, ит сурэтхэр нэIурытрэ телъыджэу къыдэгъэкIыныр.

Сабий тхылъым и дунейпсо махуэр куэдрэ дгъэлъэпIэну, дгъэлъэпIэн лэжьыгъэ ди куэдыну!

ИСТЭПАН Залинэ.

● Щэнхабзэ

Хьэрфхэм я пшыналъэ

Дэзлыкъуэ куейм хыхьэ Каменномост (Къармэхьэблэ) къуажэм дэт курыт еджапIэ №3-м зэхыхьэ щхьэпэ щрагъэкIуэкIащ, мы гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрагъэувам трагъащIэу.

АР къызэзыгъэпэщари езыгъэкIуэкIари а еджапIэм илъэс 40-м нэблэгъауэ пэщIэдзэ классхэр щезыгъаджэ, «Си гур сабийхэм тыгъэ яхузощI» медалыр зыхуагъэфэща, къуажэм дэс бзылъхугъэхэм къызэрагъэпэща зэгухьэныгъэм хэт, «Хьэрфхэм я пшыналъэ» тхылъыр зи Iэдакъэ къыщIэкIа Багъ Iэсиятщ.

Зэхуэсым кърихьэлIат Бахъсэн районым хыхьэ Ислъэмей къуажэм дэт курыт еджапIэ №3-м и егъэджакIуэ, 1-4-нэ классхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щегъэджынымкIэ Iэмалхэр зыубзыху гупым хэт Елдар Хьэцацэ, Каменномост къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщI Къэшэж Зарьят, «Нур», «Родничок» сабий садхэм я унафэщIхэу Чыржын ФатIимэрэ Гугъуэт Рузанэрэ, къуажэм дэт курыт еджапIэхэм пэщIэдзэ классхэр езыгъаджэхэм ящыщхэр, сабийхэм я адэ-анэхэр, нэгъуэщIхэри.

Iэсият зэхыхьэр зытеухуам къекIуэлIахэр щыгъуазэ ищIри, иригъаджэ сабий цIыкIухэр зыкъызэрагъэлъэгъуэнум хуэдэу утыку къришащ, дахащэу зэщыхуэпыкIауэ. Утыкум къихьа цIыкIухэм нэр щыджылт. Гъэм и зэманхэм хуэдэ теплъэ яIэу хуэпат ахэр. Адыгэбзэм и хьэрфхэр тхылъымпIэм къыхэщIыкIауэ пыIэм хуэдэу ящхьэрыгът сабиихэм. Хьэрф зэгуэтхэр зэрызыкIэлъыкIуэм хуэдэу зыщхьэрыгъ цIыкIухэр зы лъэныкъуэмкIэ, хьэрф дэкIуашэхэр адреймкIэ еувэкIат дахэу. Хьэрфхэм теухуа уэрэдкIэ къыщIадзащ сабийхэм я зыкъагъэлъэгъуэныр.

Адыгэбзэм и хьэрфхэр зыхэт уэрэд цIыкIур, ягуми я псэми къыбгъэдэкIыу сабий макъ жьгъырухэм зэрагъэIур, псэм ехуэбылIэрти, уи гукъыдэжыр къиIэтырт. КIэлъыкIуэу, тхылъымпIэм къыхэщIыкIауэ, уэрдыхъум хуэдэу я щхьэм фIэлъ хьэрфхэм теухуа усэхэм гъэхуауэ къеджащ ахэр. Гъэм и зэманхэмрэ илъэсым и мазэ 12-м я цIэхэмрэ адыгэбзэкIэ жаIащ, Абыхэм я теплъэгъуэхэр къэзыгъэлъагъуэ усэхэми къеджащ. Бжыгъэхэри адыгэбзэкIэ къапсэлъащ.

ЕгъэджакIуэмрэ еджакIуэ цIыкIухэмрэ нэкIэ зэрызэгурыуэр плъагъуу, щыпкъэу заIыгът абыхэм. Пэшым щIэс хьэщIэхэм ялъагъу теплъэгъуэхэр ягу зэририхьыр къапщIэу, зэпымычу Iэгу яхуеуэрт зыкъззыгъэлъагъуэ сабийхэм. ЦIыкIухэм утыкум щагъэлъэгъуа теплъэгъуэхэр нэгузыужьт, гукъинэжт.

Зэхыхьэм кърихьэлIахэм ящыщу Чыржын ФатIимэ фIыщIэ псалъэкIэ зыкъыхуигъэзащ Iэсият.

- Ди къуажэм школищ дэтщи, абы щылажьэ егъэджакIуэхэм Iэсият ефIэкIыу схужыIэнущ. Иригъаджэ къудейкъым, атIэ, сабийм и зэфIэкIыр къехутэф, ар адэкIэ зэригъэкIуэтэным хущIокъу. Сытым щыгъуи щIэ гуэр къелъыхъуэ Iэсият. «Хьэрфхэм я пшыналъэ» фIищауэ иджыблагъэ къыдигъэкIа тхылъыр сыт и уасэ?! Иджыпсту сабийхэм къагъэлъэгъуа теплъэгъуэхэр Iэсият итха тхылъым итщ. Сабиибзэ дахэкIэ хьэлэмэту тхащ ар. Сабийхэм хьэрфхэр зрагъэцIыху къудей мыхъуу, адыгэбзэр фIыуэ егъэлъэгъунымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ, ини цIыкIуи димыхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым жыпIэмэ, укъэпцIэну къыщIэкIынукъым. ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъ егъэджакIуэщ мыпхуэдэ лэжьыгъэм пэлъэщыфынур. Узытемызашэ джэгукIэ хьэлэмэтхэмкIэ Багъым сабийхэм ярегъэцIыху куэд. ЕгъэджакIуэхэми сабий садхэм щылажьэ гъэсакIуэхэми дэIэпыкъуэгъушхуэ яхуэхъунущ Iэсият и тхылъ хьэлэмэтыр. ЗэрытщIэщи, зэманым хуабжьу, улъэщIэмыхьэ жыхуаIэм хуэдэу, зехъуэж. Ар къызыхэкIыр сыт жытIэмэ, Iэмалрэ Iэмэпсы-мэу къежьэр зэрыбжыгъэншэрщ. Абыхэм сабийхэм я хьэл-щэным хуабжьу зрагъэхъуэж. Ауэ уи анэдэлъхубзэм хуиIэ лъагъуныгъэм зэи зебгъэхъуэж хъунукъым. Ар ди анэбзэщи ди гур къеуэхукIэ дрипсэлъэн хуейуэ къыттохуэ. Анэдэлъхубзэ щIыфIащари аращ абы. Унагъуэхэри, сабий садри, школхэри бзэм дытелажьэмэ, нэхъыбэрэ мыпхуэдэ зэхыхьэхэр зэхэтшэмэ, сабийхэм я гум къызэринэнум шэч хэлъкъым. Упсэу, Iэсият, сыт хуэдэ Iуэху епхьэжьэми, адыгэбзэр уи Iэпэгъуу, дапщэщи гукъинэжу ибогъэкIуэкIри, Тхьэм уригъэфIакIуэ, - жиIащ ФатIимэ.

Елдар Хьэцацэ къыщыпсалъэм къыхигъэщащ:

- СфIэфI дыдэу зыкърезгъэхьэлIащ мы зэхыхьэм. Апхуэдизу дахэщ, гуакIуэщ ди анэдэлъхубзэри, уегъэбзэрабзэ зэщIэжьууэжу, ар дауэ нэгъуэщIым и бзэмкIэ зэрыпхъуэжынур?! Иджыпсту мыбдеж ита сабиихэм ягъэIуа адыгэбзэ къабзэр сыт и уасэ?! Ди нэхъыжьыфIхэм лIэщIыгъуэ куэдым къыкIуэцIраха ди бзэмрэ хабзэмрэ дауэ зэрыхэбгъэкIуэдэжынур?! Мы щIы хъурейм тет къэрал зэхуэмыдэхэм ящыщ щIэныгъэлI дапщэ тетхыхьа ди лъэпкъым и щыIэкIэ-псэукIэм. Зыми я бзэм темыхуэ ди бзэ дахэм дрипагэн хуейуэ аращ армыхъумэ, Iэщlыб тщIыныр емыкIушхуэщ. Упсэу, Iэсият, фIыщIэшхуэ пхузощI, псалъэ дахэ куэд къыпхужаIащ, пхуэфащэщ. Тхылъ къыдэбгъэкIар зылъагъур абы блэкIыфыну си фIэщ хъуркъым, апхуэдизкIэ сабибзэ дахэкIэ тхащ, хьэрф къэс усэкIэ щIэгъэбыдыхьыжащи. Къинэмыщ Iауэ, дауи, къаруушхуэ хыболъхьэ, Iэсият, сабиихэм я гъэсэныгъэм, ауэ, къыбдамыIыгъмэ, закъуэ къарукIэ зэфIэкIынукъым апхуэдизыр. ФIыщIэ яхуэфащэу къызолъытэ мыбдеж щыслъэгъуа сабий-хэр зи унагъуэ къыщIэкI дэтхэнэ зы адэ-анэми. Апхуэдизу дахэу зэщыхуэпыкIащ ахэри нэр щоджыл. Си псалъэм и кIэухыу сыновохъуэхъу: дунейшхуэм щыяпэр узыншагъэрэ зэгурыкIуэщи, псори дызэгурыIуэрэ дызэдэIуэжу, зым Iэпыхур адрейм къищтэжу, ди лъэпкъым и пщIэр мыкIуэщIу, Тхьэм дигъэпсэу, - жиIащ абы.

ЗэIущIэм и кIэухыу, пэшым щIэс хьэщIэхэм я лъэIукIэ хьэрфхэм и уэрэд цIыкIур иджыри зэ жрагъэIэжащ. КъекIуэлIахэмрэ сабийхэмрэ зэгъусэу сурэтхэр зытрагъэхащ.

Тхыгъэри сурэтри **КЪАНКЪУЛ Раисэ** *ейщ.*

● ДифI догъэлъапIэ

ГуфIэгъуэ ущымыщIэну!

Ди лэжьэгъу Хьэхъужь Иринэ и цIэ фIыкIэ къыщIитIуэн щхьэусыгъуэ диIэщ нобэ - абы и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирокъу.



ИРИНЭ и гугъу щыпщIкIэ, псалъэхэм уахэщыпыхьыну, нэхъыфIхэр къахэпхыну ухуейщ, ар апхуэдизкIэ цIыху дахэщи, псэм щыщщ жыхуаIэм хуэдэщи. Дахэщ и теплъэкIи, и гуп хэтыкIэкIи, и унагъуэкIи. А дахагъэ псом я нэхъыщхьэ и хьэл-щэн зэтетыр абы и нэхъыжьхэм я жьэгу пащхьэм - и адэ-анэ Абазэхэ Анатолэрэ Любэрэ я деж - щызыхилъхьащ, абыхэмрэ и шыпхъу Маринэрэ я дуней тетыкIэр гъащIэм гъуазэ щыхуэхъуащ.

Тэрч куейм щыщ Плановскэ (Ботэщей) къуажэм къыщожьэ Иринэ и къуэпсыр. Джылахъстэней щIыналъэм щигъакIуэу щыта я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм щытепсэлъыхьыжкIэ, гумрэ псэмрэ хыхьэущ абы и нэгу къызэрыщIигъэхьэжыр а зэманыр, уедаIуэкIи зыбгъэнщIыркъым. Я анэшхуэмрэ езымрэ яку гуапагъэу, хуабагъэу илъар и нэгум кърех нобэми.

Налшык къалэм къыщалъхуащ Иринэ. Абы дэт курыт еджапIэ №25-р хъарзынэу къиухри, экономикэмрэ информацэ технологиехэмкIэ колледжми щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ. 2001 гъэ лъандэрэ «Адыгэ псалъэм» щолажьэ ар - бухгалтер нэхъыщхьэм и къуэдзэу илъэс куэдкIэ щытащ, иджыпсту къыдэзыгъэкI редакторщ, журналистхэм я сатыр бжыгъэхэр зэпэлъытынри зи пщэ дэлъыр аращ. А лэжьыгъэм пэрытыр набдзэгубдзаплъэу щытын хуейщи, газетыр къыдэгъэкIыным пыщIа апхуэдиз бжыгъэм зыщIыпIэ дежи щыщымыуэу зэхуегъакIуэ.

Хьэхъужьым саугъэт, фIыщIэ тхылъхэр мызэ-мытIэу къыщыхуагъэфэщащ редакцэми республикэм и нэгъуэщI IуэхущIапIэхэми. И лэжьыгъэфIым къыпэкIуэу абы къратахэм ящыщщ КъБР-м ЭкономикэзыужьыныгъэмкIэ и министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм я щIыхь тхылъхэр.

И унагъуэкIи и Iуэху зэпэщщ Иринэ - щыпсэу Кэнжэ жылэм абыхэм я хъыбарыфIщ щызэхэпхынур. И щхьэгъусэ Казбекрэ езымрэ я нэхъыжьхэм пщIэ хуащIу къекIуэкIащ, иджы я пхъурылъху щIалэ цIыкIуитIым ягъэгуфIэ я ехъулIэныгъэхэмкIэ, яхэлъ гъэсэныгъэ дахэмкIэ.

БзылъхугъэнэфIэгуфIэ цIыкIум, цIыху псэ къабзэм, гулъытэ зыхэлъым зыхудогъазэ: «Ди Ирэ цIыкIу! Узыншагъэ быдэ уиIэну, гуфIэгъуэ, дэрэжэгъуэ ущымыщIэу упсэуну, укъыщалъхуа махуэ куэд бгъэлъэпIэну ди гуапэщ!»

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр.

● Фэеплъ

Муратрэ Азэмэтрэ я щIыхькIэ

Дыгулыбгъуей къуажэм щекIуэкIащ фэеплъ пхъэбгъу къызэIухыным теухуа зэхыхьэ. Ар хуагъэуващ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда Нэгъуейхэ Муратрэ Азэмэтрэ зэкъуэшхэм я щIыхькIэ.

ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къуэдзэ Бахъуэ Аслъэн, щIыпIэ администрацэм и лIыкIуэхэу Мамхэгъ Хьэчим зи пашэр, Нэгъуей зэкъуэшхуэм я унафэщIу щыта Тохъутэмыщ Мухьэмэд, хэкIуэда лIыхъужьхэм я Iыхьлыхэр, хабзэхъумэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэмрэ щIыпIэм щыпсэухэмрэ.

Iуэхум щIадзащ Урысей Федерацэм и къэрал гимныр кърагъэуауэ. АдэкIэ хьэщIэхэр къэпсэлъащ Нэгъуей зэкъуэшхэм я лIыгъэмрэ къэмылэнджагъэмрэ, я къалэныр гъэзэщIэным етауэ зэрыщытам трагъащIэу.

- Ди лIыхъужьхэм я фэеплъыр сыт щыгъуи тщIыгъущ, абыхэм дропагэ икIи пщIэ яхудощI, - къыхигъэщащ Бахъуэ Аслъэн.

Милицэм и майор Нэгъуей Мурат оперуполномоченнэ нэхъыжьу къалэныр щрихьэкIащ КъБР-м щыIэ МВД-м Экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и центрым. Ар IэщIагъэлI нэст, къулыкъуми спортми ехъулIэныгъэхэр щызыIэригъэхьащ, ведомствэ дамыгъэхэр къыхуагъэфэщащ. Милицэм и капитан Нэгъуей Азэмэт ЗэгъэуIуауэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэм япэщIэтынымкIэ управленэм и оперуполномоченнэу щытащ, къигъэлъэгъуа хахуагъэм пэкIуэу ЛIыгъэм и орден къыхуагъэфэщащ мыпсэужу. Нэгъуей зэкъуэшхэм я гъащIэр щапхъэ нэст тхьэрыIуэм хуэпэжынымрэ Хэкум хуэлэжьэнымкIэ.

ИужькIэ фэеплъ пхъэбгъур къызэIухащ. Къызэхуэсахэр дакъикъэкIэ щымри, абдежым удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

Хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм фIыщIэрэ пщIэрэ яхуэщIыныр, тхыдэ фэеплъыр хъумэныр къэзыгъэлъагъуэ, щIэблэщIэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ хъуащ Iуэхур.

БАХЪСЭН Ланэ.

Джэдыкъуэ Плъыжь щызэдэжат

Къэбэрдей-Балъкъэрым шыкIэ гъуэгуанэ кIыхьхэр зэпычынымкIэ и чемпионатрэ пашэныгъэр къэхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэрэ Бахъсэн къалэм и «Джэдыкъуэ Плъыжь» шы комплексым щекIуэкIащ. Апхуэдэуи, абы щызэхэтащ Iуащхьэмахуэ бгым и щыгум япэу ихьа Хьэшыр Чылар и фэеплъ щIыналъэ зэпеуэ.

ХЭГЪЭРЕЙХЭМ нэмыщI, зэхьэзэхуэм кърихьэлIащ Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Тэтэрстаным, Мэзкуу, Санкт-Петербург къалэхэм, Мэзкуу, Ленинград, Липецк, Пензэ областхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм, Белоруссием я шууейхэр, псори зэхэту 121-рэ. А псом нэмыщI, УФ-м япэу апхуэдиз шуудей гуп зы щIыпIэм щызэхуэсауэ аращ зы махуэм кърииубыдэу.

Километри 120-рэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэр нэхъ псынщIэу зэпычынымкIэ екIуэкIа зэпеуэм япэ увыпIэр къыщихьащ Бейбэч МуIэед, «Леонид де ля Шарм» шым тесу. ЕтIуанэ хъуащ Васильевэ Екатеринэ, «Борей» шымкIэ, ещанэр Жэмбей Сэлимщ, «Аккар» шымкIэ. Шууейхэр псори КъБР-м щыщщ.

Километри 100 гъуэгуанэр псом нэхърэ нэхъ псынщIэу къикIуащ Къалэ Мухьэмэд, «Нагайнэ» шымкIэ. Махуэ Ахьмэд етIуанэ хъуащ, «Тайкан» шым тесу. «Аффект» шымкIэ ещанэу къэсащ Тимченкэ Иринэ. Мыхэри псори ди республикэм ейщ.

Километри 100 зи кIыхьагъ гъуэгуанэр нэхъ псынщIэу зэпычынымкIэ цIыхубзхэм ирагъэкIуэкIа зэпеуэм япэу къэсащ Дуненковэ Александрэ, «Сатилит» шымкIэ (Мэзкуу къалэ). ЕтIуанэр Тембот Динэщ, «Ардан» шым тесу (Адыгей). Ещанэ хъуащ Крейдич Анастасие, «Амирэ» шымкIэ (Липецк область).

Километр 80-р псом нэхърэ нэхъ псынщIэу къикIуащ Мэзкуу областым щыщ шуудей Селивановэ Марие, «Армадэ» шымкIэ. Тарусовэ Еленэ «Хотспур Дайван 13» шымкIэ етIуанэ хъуащ (Ставрополь край). КъБР-м и шуудей Къандэхъу Исмэхьил «Аркъэн» шымкIэ ещанэу къэсащ.

Километр 40 зи кIыхьагъ гъуэгуанэр псом япэу зэпичащ Тулашэ Мурат, «Садэкъэ» шымкIэ (КъБР), Курманалиев Амир «Лексус 50» шымкIэ етIуанэщ (Краснодар край). Шыту Къанщобий «Щихъ» шымкIэ ещанэщ (КъБР).

Килограмм 95-м щIигъу зи хьэлъагъ шуудейхэм я деж километр 40 зи кIыхьагъ гъуэгуанэр нэхъ псынщIэу зэпычынымкIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм щытекIуащ Лу Беслъэн, «Резвая» шымкIэ (КъБР). Дыгъужь Рустам (КъШР), «Атлант 13» шымкIэ етIуанэщ. Ди республикэм щыщ шуудей Къэрэгъул Астемыр «Крагез» шымкIэ ещанэщ.

Километр 20-р псом япэу зэпачащ республикэм и шуудей гупхэм. Мыбдежым щытекIуащ Жэпу Альберд, «Iуащхьэмахуэ» шымкIэ. ЕтIуанэр Дзасэжь Мурат, «Сенатор» шымкIэ, ещанэр Тэрчокъуэ Къубатийщ, «Пегас» шым тесу.

Килограмм 95-м щIигъу зи хьэлъагъ шуудейхэм я зэпеуэм иужьрей гъуэгуанэр нэхъ псынщIэу къикIуащ Мэлбахъуэ Мухьэмэд, «Нур» шымкIэ, етIуанэри Мэлбахъуэхэ Муратщ, «Рыжик» шымкIэ, тIури КъБР-м щыщщ.

Зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэр ягъэпажащ медалхэмкIэ, кубокхэмкIэ, щIыхь тхылъхэмкIэ. Хьэшыр Чылар и Iыхьлыхэм къабгъэдэкIащ фэеплъ саугъэтхэр.

БЭТОКЪУЭ Алыдж.

Иналбэч и зи чэзу ехъулIэныгъэ

«PWL 11» фIэщыгъэр зэрихьэу профессиональнэ бэнакIуэхэм я лигэм и 11-нэ дунейпсо зэхьэзэхуэ Узбекистаным и къалащхьэ Ташкент щекIуэкIащ мы махуэхэм. Абы щызэхуэсащ къэрал 15-м я бэнакIуэ нэхъ лъэщ дыдэхэр.

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ къыхэхам хэту зэхьэзэхуэм щыбэнащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэсэн Шэрий Иналбэч икIи килограмм 74-рэ зи хьэлъагъхэм я деж дыщэ медаль къыщихьащ. Зэхьэзэхуэм и кIэух Iыхьэм адыгэ щIалэм щыхигъэщIащ хэгъэрейхэм я спортсмен Хаитов Мирзо, зэIущIэм и бжыгъэр 10:0-у.

Къызэгъэпэщак Iуэхэм зэрыжаIамкIэ, мы гъэм зэрыщIидзэрэ апхуэдиз бэнакIуэ лъэщ зэуэ зыщIыпIи щызэрихьэлIакъым.

КЪУЭЖЕЙ Алим.

● ФщIэн папщIэ

ПаспортыщIэ яIэн хуейщ

УРЫСЕЙМ щыщ муслъымэнхэм Сауд Хьэрып пащтыхьыгъуэм 2026 гъэм хьэж щащIыныр къызэгъэпэщын папщIэ, КъБР-м щыIэ МВД-м Iэпхъуэшапхъуэ IуэхухэмкIэ и управленэм хъыбар фегъащIэ а щIыпIэм уихьэн щхьэкIэ электрон мардэм тет хамэ къэрал паспортыщIэ уиIэн зэрыхуеймкIэ.

Хамэ къэрал паспортхэр ягъэхьэзыр абы хуейм и тхылъхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ МВД-м Iэпхъуэшапхъуэ IуэхухэмкIэ и управленэм езым щIилъхьэмэ, апхуэдэуи Къэрал IуэхутхьэбзэхэмкIэ зыуэ щыт я порталым электроннэу Iэригъэхьэмэ, лъэIу тхылъхэр ята иужькIэ бжыгъэр ли лъабжьэ IэмалкIэ езыхэм езыхэми я Iэпэхэм я тхыпхъэхэми сурэт трах.

ЛъэIу тхылъыр щIэлъхьэным, паспорт хьэзырыр къаIэрыхьэным теухуауэ зыхуагъазэ хъунущ мы хэщIапIэм: Налшык къалэ, Нэгумэм и уэрам, 64-нэ унэ. Телефонхэр: 49-57-20, 49-57-32

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-88, 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдэзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.250
Заказыр №639
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIык Марие** *(1, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.